Журналистхэр зочэнджэщ

2 -нэ нап.

Унэр ягурэ жьэгур я псэу

3-нэ нап.

«Сыринэм» дызыщIигъэдэIур

4-нэ нап.

Бзэ хуэмыныкъуэ гъуазджэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№51 (24.957) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущ1апIэхэм къызэратамкIэ

«Флагъым и лъагапIэ-2026»

Налшык къалэм дэт Щ1алэгъуалэм я унэм дыгъуасэ щызэхащащ «Флагъым и лъагапIэ-2026» зыфIаща III щIыналъэзэ- хуаку конференцэр. Абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, Москва, Красноярск, Къазан, Уфа, Челябинск, Екатеринбург, Новосибирск, Урысейм и нэгъуэщI къалэхэми щыщ медицинэ Iэщ1агъэл1 пажэхэр.

МЭЛЫЖЬЫХЬЫМ и 27-рэ хэм екIуэкI зэIущIэхэм хэтыну ди республикэм къебгъэщащ щIыналъэ 37-м я лIыкIуэ щэ бжыгъэкэр. Зэхыхьэр теухуащ цIыхухэм ират медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным. А махуэкэм конференцэм хэту щIэныгъэлIхэр доклад къеджэнущ, Iужыгъуэ щхьэхуэкэм теухуа псалъэмакъхэр ирагъэкIуэкIынущ, мастер-классхэр къызэрагъэпэщынущ. Зэхыхьэм и ещанэ махуэм хъщIэхэм ирагъэлъагъунущ республикэм и медицинэ Iэнэ1утIэ нэхъ инэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIыр.

«ПщIэ зыхуэсщI си ныбжьэгъу лъапIэхэ! УФ-м Узыншагъэр хъумэныкIэ министерствэм къыбгъэдэкIыу ди конференцэм и 3-нэ зэхыхьэм ди гуапэу фыкъыдогъэблагъэ. Дызэрыщыгъуазэщи, иужьрей зэманым техникэм хуабжьу зиужьащ. Абы къыхэкIыу, иужьрей Iэмэпсымэхэр медицинэм къыхэгъэхьэн, ди лэжьыгъэр бжыгъэм хэгъэкIуэн, зэманым дыкъыкIэрыкIыху зыдужьын хуейуэ къызолъытэ. Абы ди лэжьэкIэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ зэрыгъэхъуэнум шэч хэлъкъым. Къэралым и сымаджэщхэр, поликлиникэхэр ирагъэфIэкIуэным, иужьрей IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщыным, медицинэ Iэнэ1утIэхэр зыхуей хэгъэзэным гулъытэшхуэ зэрыхуищIыр псоми дощIэ. Апхуэдэу, блэкIа 2025 гъэм кърихубзэу Урысей Федерацэм щаухуащ медицинэ Iэнэ1утIэ 1300-м щIигъу, къагъэщIэрэщIащ сымаджащ 2100-рэ IэмэпсымэкIэ мин 47-рэ ягъэувауэ ирогажьэ, автомашинэ мини 3 къащэхуащ. КъэкIэрыщIэпхъэщ а IэмэпсымэкIэм ящыщу процент 70-р ди къэралым къэзэрыщыдагъэкIар. А псоми я фIыгъэкIэ, сымаджэхэм я Iэнэр нэхъыфIу, тыншу, псынщIэу дыдогъэкI. Сыщогугъ мы зи чэзу зэIущIэм гупсысэ щхьэпэхэр къэкIэтхыну, медицинэм и ехъулIэныгъэфIэкIмкIэ фызэдогузшэну, нобэкIэ дыкъэзыгъэгузавэ Iэнэу зэIумыбзэри нал1уэ къэхъуну», - зэIущIэм хэтхэм тхыгъэкIэ закъэкIуигъэзащ УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Мурашкэ Михаил**.

Медицинэм и лэжьакIуэхэр къэгъэблагъэу, псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**.

- Ди гуапэ зэрыхъунщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ещанэу щызэхашэ мы зэIущIэр. Ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейт. Псом хуэмыдэу, а щыхьэкIэ къытхуэзыгъэфащэ, УФ-м узыншагъэр хъумэныкIэ и IэнэтIэм кIэлъыплъыныкIэ и Iэнэ1утIэхэм я унафэщI Самойловэ Аллэ. СыздэщыгъуазэмкIэ, илъэс къэс мы зэIущIэм хэт щыналъэ, хамэ къэрал лIыкIуэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэ зэпытщ. Псалъэм папщIэ, нобэ мыбы щIэсщ щыналъэ 37-м къикIа Iэщ1агъэлIэхэр. Ар щыхьэт тохъуэ медицинэм ехьэлIа зэхъуэкIыныгъэфIэхэр зэрекIуэкIым, абыхэм щIэупщIэ зэралэм. Мы зэIущIэм и фIыгъэкIэ, иужьрей технологиехэмрэ IэмэпсымэхэмрэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэлажьэм зыщагъэгъэзэфынущ ди хьэщIэ лъапIэхэм. Согугъэ ди дохутырхэр щIэныгъэкIэ зэхъуэжэну, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ, къэухтэныгъэхэмкIэ зэдзэгуэшэну, а псори Урысейм и зыужьныныгъэм, цIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным хуущхьэпэну. Фигу къэзгъэкIыжынут мы зэIущIэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрыкуагъэпсари. Абы къыхэкIыу, ди хьэщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ, конференцэр нэгуэныжькъ дауэдапщэхэмкIэ гъэнэщIауэ къыздэгъэпэщащ, - жиIащ КIуэкIыум.

АдэкIэ псалъэ ираташ икIи узыншагъэр ыныгъэнэшэу егъэфIэкIуэным, медицинэ Iэмэпсымэхэм я фIагъым кIэлъыплъыным и мыхьэнэ тепсэлъыхьащ **Самойловэ Аллэ**.

- Нобэ дыщызэхуэса пэшым цIыкIу зэрыщIэзым къикIыр зыщ - узыншагъэр хъумэным хущIэ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ икIи, дызыщыгугъыкIынщи, къыдохъулIэ! Илъэсищ хъуэуэ Налшык къалэм дыщIыщызэIущIэм и щхьэусыгъуэращи, медицинэ Iэхутхэбзэкэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм я дежщыпашэщ. Ди зэIущIэм хэт Iэщ1агъэлIэхэмэ дохутырхэмрэ ар я нэкIэ зэрагъэпэгъэну Iэмал иIэнущ мы махуэкэм кърибыдзу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лэжьигъэм мы унэтIыныгъэмкIэ щапхъэ тетхмэ, урысей медицинэр иригъэфIэкIуэнущ, - жиIащ унафэщIым.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэIущIэм хэтхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатl1эм фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къэщIыгъэгъэзэфIэкIуэным хущхьэпэну. Фигу къэзгъэкIыжынут мы зэIущIэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым зэрыкуагъэпсари. Абы къыхэкIыу, ди хьэщIэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм зыщагъэгъуэзэн папщIэ, конференцэр нэгуэныжьыкъ дауэдапщэхэмкIэ гъэнэщIауэ къыздэгъэпэщащ, - жиIащ КIуэкIыум.

АдэкIэ псалъэ ираташ икIи узыншагъэр шынагъуэншэу егъэфIэкIуэным, медицинэ Iэмэпсымэхэм я фIагъым кIэлъыплъыным и мыхьэнэ тепсэлъыхьащ **Самойловэ Аллэ**.

- Нобэ дыщызэхуэса пэшым цIыкIу зэрыщIэзым къикIыр зыщ - узыншагъэр хъумэным хущIэ гулъытэм хэхъуэ зэпытщ икIи, дызыщыгугъыкIынщи, къыдохъулIэ! Илъэсищ хъуэуэ Налшык къалэм дыщIыщызэIущIэм и щхьэусыгъуэращи, медицинэ Iэхутхэбзэкэм я фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и хэгъэгухэм я дежщыпашэщ. Ди зэIущIэм хэт Iэщ1агъэлIэхэмэ дохутырхэмрэ ар я нэкIэ зэрагъэпэгъэну Iэмал иIэнущ мы махуэкэм кърибыдзу. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лэжьигъэм мы унэтIыныгъэмкIэ щапхъэ тетхмэ, урысей медицинэр иригъэфIэкIуэнущ, - жиIащ унафэщIым.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэIущIэм хэтхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэныкIэ Iэнатl1эм фIагъымрэ шынагъуэншагъэмрэ къызэгъэпэщынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщагъэлажьэм зыщагъэгъуэзэфынущ ди хьэщIэ лъапIэхэм. Согугъэ ди дохутырхэр щIэныгъэкIэ зэхъуэжэну, ирагъэкIуэкI лэжьыгъэмрэ, къэухтэныгъэхэмкIэ зэдзэгуэшэну, а псори Урысейм и зыужьныныгъэм, цIыхухэм я узыншагъэр егъ

Лъэпкъыр зыIэт дамэ лъэщхэр

Махуэгъэпсым зи цIэр къыщыхэгъэбелджылыкIа лъэпкъылIхэм ящыщщ адыгэ узэщIакIуэ, тхакIуэ, усакIуэ хьэлэмэт, хэкупсэ нэсу псэуа Елбэд Хьэсэн Увжыкъуэ и къуэр (1886 - 1967). Еджагъэшхуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэси 140-рэ ирикъуащ. ГъащIэ кIыхь икIи купщIафIэ къэзыпсэуа Елбэдыр и лъэпкъым, и анэдэлъхубзэм, цIыхухэм дапщэщи псэ къабзэу яхущытащ, лъэкI псори адыгэхэм ди зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ тыхь яхуищIу. Хэкупсэ нэсыр дунейм тетащ и пщэрылъ къалэнхэри жылагъуэ Iуэхухэри къызыхуэтыншэу, гудзакъэ хэлъу дапщэщи зэдихьу.



«СИ псалъэр зыхуэгъэзар фэращ, си ныбжьэгъухэ, сыкъэзылъхуа си лъэпкъ! Си гъащIэ псор, си хъуэпсапIэри си къарури, псэемыблэжу зэстар фэращ. Сэ илъэс 80 къэзгъэщIамэ, ар къыщIэзгъэщIари фэ сывигъусэт, фэ сыфхуэпсэурт, фигухэм сагъэхуабэрти аращ. Иджы... сызыщыгугъыр зыщ - адыгэлIт къысхужыфIэнырщ; сигу къеуэми, къеуэр - дунейм сехыжа нэужь, фэ сыфхуэлэжьэну, къулыкъу фхуэсщIэну зэрыслъэмыкIыжынуращ. Насыпышхуэ къыслъысауэ къызолъытэ бгырысхэм тхыбзэ яIэу си нэкIэ зэрыслъэгъуар - илъэс къиин IэджэкIэ сыщIэбэнат сэ абы!» - гумрэ псэмрэ къабгъэдэкI а псалъэхэмкIэ фIыщэу илъагъу и лъэпкъым зыхуигъэзауэ щытащ Хьэсэн дунейм ехыжыным куэд имыIэжу. Уэсяту къэплъытэ хъунущ Елбэдым къызыхэкIа и лъэпкъым жриIэжа а псалъэхэр.

УзэщIакIуэм и иужьрей а зыхуэгъэзэныгъэмкIэ къызэIухащ Елбэд Хьэсэн и тхыгъэ къыхэхахэр щызэхуэхьэсауэ 1993 гъэм дунейм къытехьауэ щыта тхылъ купщIафIэр. «Гукъинэж» фIэщыгъэр зиIэ а къыдэкIыгъуэр зэхэзылъхьэу традзэнми хуэзыгъэхьэзырар, апхуэдэуи абы пэублэ псалъэ хуэзытхар Елбэдым и гъукIэгъэсэну зызылъытэжу щыта, лъэпкъ щIэныгъэлI икIи къэхутакIуэ цIэрыIуэ Нало Заурт. А тхылъым Налом къыщызэщIикъуэжащ Елбэдым теухуауэ щыIэ тхыгъэхэм я нэхъыбапIэр.

Елбэд Хьэсэн 1886 гъэм Тыжьей (иджы Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Кыщпэк) къуажэм дэса адыгэ унагъуэм къыщалъхуащ. Хьэсэн и адэ Увжыкъуэ дин щIэныгъэ зыбгъэдэлъа цIыхут. Адэ Iущым и къуэ нэхъыжьитIыр хьэрыпыбзэм хуригъэджат, нэхъыщIэ Хьэсэни абы хуиущийрт. АрщхьэкIэ ар нэсу бзэм хуригъэджэну хунэмысу, Увжыкъуэ дунейм ехыжащ, къуэ кIасэми щIэныгъэ иратыну нэхъыжьхэм уэсят къахуищIри. Адэм и уэсятым тету, Хьэсэн иратащ Дыгулыбгъуей дэта мыдрисэм. Абы щызригъэгъуэта щIэныгъэм иужькIэ щыпищащ Дагъыстэным и дин еджапIэхэм. Хьэсэн и зыужьыныгъэм ахэр лъабжьэ хуэхъуами, Налом зэритхымкIэ, абы щIэныгъэ куу щызригъэгъуэтари зэфIэкI лъагэхэр къыщызыкъуихари еджагъэшхуэхэу Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ ядэлажьэу щIидза нэужьщ. Ар зэманкIэ зыхуэзэр совет лъэхъэнэращ. Хьэсэн и щIэныгъэ куур езым и акъылрэ ерыщагъкIэ зригъэгъуэтауэ щытащ, армыхъумэ, зэращI хабзэм хуэдэу, егъэджакIуэ хэхахэм я дежи кIуакъым, дерс купщIафIэхэми зым и дежи щедэIуакъым. Бзэ щIэныгъэлI IэкIуэлъакIуэ иужькIэ къызыхэкIа Хьэсэн абыкIэ ноби къащхьэщокI нэгъуэщI еджагъэшхуэхэм.

Ди щIыналъэм совет властыр щагъэувыным ипэ къихуэу, Елбэдыр щылэжьат Бахъсэн дэта мыдрисэм, ныбжьыщIэхэм хьэрыпыбзэ яригъэджу. 1916 гъэм абы жэрдэм ищIащ адыгэбзэр джынымкIэ гупжьей къызэIуихыну. А мурадыр и гъуэгугъэлъагъуэу, Цагъуэ Нурий бзэмрэ тхыдэмрэ ятеухуауэ кърита тхыгъэхэр и Iэдэжу, Хьэсэн иублащ а Iуэхушхуэр. Абдежым къыщыщIидзэри, Елбэдыр илъэс 50-м щIигъукIэ елэжьащ а унэтIыныгъэм. Абы и гуащIэ куэд хилъхьащ лъэпкъым бгъэдэлъ щIэныгъэм зегъэубгъуным, адыгэ тхыбзэм зегъэужьыным, бзэм и хабзэхэм хэлъ Iуэху зэхэмыбзхэр гъэтэмэмыжыным, курыт школхэм анэдэлъхубзэр зэрыщрагъэдж тхылъхэр егъэфIэкIуэным, бзэм епха нэгъуэщI Iуэхухэри зэпэщ щIыным. Егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыщыдэхуэ зэманым щIалэ жыджэрыр хунэсырт ди щIыналъэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми хэтыну.

Налшык къалэм 1918 гъэм щызэхуашэсауэ щыта цIыхубэ съездым, апхуэдэуи Тэрч щIыналъэм къедзылIа жылагъуэхэм я лIыкIуэхэр кърихьэлIэу Владикавказ 1920 гъэм щекIуэкIа зэхуэс инми я лэжьыгъэхэм жыджэру хэтахэм ящыщщ Хьэсэн. Совет псэукIэ хабзэм и лъабжьэхэр ди щIыналъэм щагъэтIылъу динымрэ цIыхубэ егъэджэныгъэмрэ зэпэIэщIэ ящIа нэужьи, Елбэд Хьэсэн яхэтащ апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр ди хэкум япэу щызэтезыублахэм. НэхъапэIуэкIи апхуэдэ еплъыкIэт абы армырами и лэжьыгъэм тегъэщIапIэ хуищIари, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхур къэралым иригъэкIуэкI политикэм и зы Iыхьэ щыхъум, и лъэпкъым и къэкIуэнур дахэ хъуным зи гупсысэри Iуэхущ IафIэри хуэунэтIа Елбэдыр нэхъ жыджэрыжу иужь ихьащ IэнатIэм хуиIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ щIыным.

А лъэхъэнэм егъэджакIуэу улэжьэну хуабжьу гугъут, сыту жыпIэмэ цIыхубэм къащыхъурт жылэхэм къыщызэIуах школхэм уи быныр екIуалIэмэ, ар кIэщIашу, гъащIэм хуаIэ гупсысэхэр зэхъуэкIа хъууэ, абы зэраныгъэ куэд лъэпкъым къыхуихьыну. НэгъуэщIхэми къалъытэрт егъэджэныгъэр лъэпкъышхуэм я бзэмкIэ егъэкIуэкIыпхъэу, ди алыфбейр зытет графикэм къытешауэ щIэблэр диным пэIэщIэ щIын папщIэ. ЗэхъуэкIыныгъэхэр нобэм къыздэсым щыкуэд егъэджэныгъэ IэнатIэм и лъабжьэр щагъэтIылъ зэманти, «Iуэху мыублэм хэс блэр» сыт хуэдэми зыми ищIэртэкъым. Абыи лэжьыгъэр лъэпощхьэпоуншэ ищIыртэкъым.

Дауэ хъуми, сыт хуэдэ гугъуехьхэр Iуэхум хэлъами, хэкупсэ нэсхэм лIыгъэщIапIэ яхуэхъуа а IэнатIэм и зыужьыныгъэм зэфIэкIыу яIэр ирахьэлIащ лъэхъэнэм и цIыху пажэхэм. Абыхэм ящыщт Елбэд Хьэсэн. Апхуэдэу псэемыблэжу Iуэхум хэтащ адыгэлI пэрытхэу Цагъуэ Нурий, ЩоджэнцIыкIу Алий, Борыкъуей ТIутIэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Къалэмыр тхылъым дэщIыгъуу зи Iэдэж а хэкупсэхэм ялъэкI псори ящIащ адыгэ лъэпкъыр щIэныгъэм и нурым хашэнымкIэ. ДощIэ абыхэм IэщэкIэ къащыпэщIэти, уеблэмэ щыхэкIуади, ерагъыу къызэрагъэпэща еджапIэ пэш закъуэхэр, тхылъхэри зэрыщIэлъу, щагъэси къэхъуу зэрыщытар. «Си псэр нэхъапэщ», - жамыIэу Хьэсэн сымэ хуэдэхэр хьэлэлу хуэлэжьащ цIыхубэр кIыфIыгъэм къыхэшын Iуэхушхуэм. Аращ абыхэм лIыхъужькIэ уеджэми къыщIезэгъыр.

КъызэIуиха школым и унафэщIу, апхуэдэуи егъэджакIуэу зэрыщытым къыдэкIуэу, Елбэдыр жыджэру хэтт щалъхуа жылэми зыщыщ Бахъсэн щIыналъэми щекIуэкI Iуэху куэдым. ЩIэныгъэфI зыбгъэдэлъ хэкупсэр къуажэм къыщызэрагъэпэщ комиссэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэм я пашэт, гъунэгъу жылэхэм къыщызэIуах ликбез пунктхэм я чэнджэщэгъут, уеблэмэ Елбэдырат къуажэм абы щыгъуэ къыщызэрагъэпэща бзылъхугъэ зэгухьэныгъэм и Iуэхур зэзыгъэуIуари. Апхуэдэу, къру пашэм ещхьу, Тыжьей лэжьыгъэу дэлъым я нэхъыбэм и къызэгъэпэщакIуэт Елбэд Хьэсэн. Абы щыгъуэми куэдрэ къэхъурт абы и лэжьыгъэм улахуэ гуэри къыщыпэмыкIуэ, пщIэншэу щызэфIих. АрщхьэкIэ гу къабзэрэ псэ хуабэрэ зиIэ адыгэлIым и дежкIэ нэхъапэр езым и щхьэ Iуэхур аратэкъым, атIэ щIыналъэм социальнэ, щэнхабзэ, щIэныгъэ зыужьыныгъэхэр къыхуэзыхьыну зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыкI лэжьыгъэ щхьэпэхэр гъэзэщIэнырт.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэм я пэщIэдзэм нэс Елбэд Хьэсэн егъэджакIуэу щылэжьащ я жылэм къыщызэригъэпэща школым. КъыкIэлъыкIуэ илъэси 10-м кърихубыдэу ар Псыхуабэрэ Налшыкрэ щыIащ, егъэджэныгъэм епха лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэфIигъэкIыу, къулыкъу зэмыщхьхэр зэрихьэу. 1939 гъэм Хьэсэн ирагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутым къэбэрдеибзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм къыщызэIуахауэ егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ IэнатIэм и тхьэмадэу. Апхуэдэу Елбэдыр хыхьащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэми Хьэсэн зэпигъэуакъым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэр, ахэр нэхъ кIащхъэ ищIами. Бийр ди щIыналъэм ирахужу, школхэм лэжьэн щIадзэжа нэужь, ар и къалэнхэм пэрыувэжащ, къаруущIэ хэлъу. 1944 гъэм Хьэсэн ирагъэблэгъащ Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым икIи абы къэбэрдеибзэмкIэ и къудамэм и пашэу ягъэуващ. А гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ, пенсэм кIуэхукIэ, а къулыкъум пэрытащ Елбэдыр. Адыгэбзэм и хабзэхэр зэтегъэувэным, ар къабзэу, шэрыуэу Iуным, къытщIэхъуэ щIэблэм анэбзэм и IэфIагъыр зыхащIэным лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ Елбэдым. Ар щIэх-щIэхыурэ къыщыпсалъэрт бзэмрэ литературэмрэ ятеухуауэ екIуэкI щIыналъэпсо конференцхэм, нэгъуэщI зэхыхьэхэм, и Iуэху еплъыкIэхэр абыхэм я утыку щиIуатэу.

Лъэпкъ литературэм япэ лъэбакъуэхэр а зэманым хэзычэ тхакIуэ ныбжьыщIэхэм я къалэмыпэм къыпыкI тхыгъэхэм хэт псалъэ зэпхахэр, жыIэгъуэ щхьэхуэхэр щапхъэу къиихьурэ, Елбэдым бзэм и лэжьакIуэхэр къыхуриджэрт адыгэбзэм и къабзагъым, грамматикэм и хабзэхэр ягъэзэщIэным гулъытэ хэха хуащIыным. ЖыпIэнурамэ, тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэр щIэдэIурт бзэ щIэныгъэлIым, узэщIакIуэм и псалъэм. Езыр тхакIуэ цIэрыIуэу щымытами, Елбэдым бгъэдэлът апхуэдэ зэфIэкIи. Абы и къалэмыпэм къыпыкIащ сабий щэнгъасэ Iуэтэж кIэщIхэр. ЯзыныкъуэхэмдежЕлбэдым къигъэсэбэпырт хамэ лъэпкъхэм яIэ тхыгъэ кIэщIхэри, ахэр ди лъэпкъ щэнхабзэм хуигъэкIуэжырт, сабийхэм нэхъыфIу къагурыIуэн папщIэ. Абы и щапхъэщ Хьэсэн Крыловым и басняхэр и лъабжьэу адыгэбзэкIэ зэхигъэуващ щыта Iуэтэж цIыкIухэр.

УщиякIуэ-узэщIакIуэ Iэзэм бгъэдэлъа апхуэдэ зэфIэкIыр лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпырт егъэджакIуэхэми гъэсакIуэхэми. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ инхэм къадэкIуэу, Елбэд Хьэсэн сыт хуэдэ зэмани иригъэкIуэкIащ адыгэбзэр зэрегъэджыпхъэ методикэм и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр. Апхуэдэхэм халъытэ Цагъуэ Нурийрэ ЩоджэнцIыкIу Алийрэ ядитха зэреджэ тхылъыр. Абы мыхьэнэшхуэ иIащ а зэманым, сыту жыпIэмэ бзэр зэрегъэджыпхъэмкIэ узэрыгъуэзэн тхылъ гуэри чэнджэщ лъэпкъи иджыри куэду щыIэтэкъыми. «Артель» фIэщыгъэ зиIа а тхылъым къыкIэлъыкIуащ нэгъуэщIхэри. Псори зэхэту къапщтэмэ, Елбэд Хьэсэн и къалэмыпэм къыпыкIащ зэреджэ тхылъу 13. А бжыгъэм хэткъым Iэрытхыу къэнахэри псалъалъэхэм я Iыхьэ зэмылIэужьыгъуэу ар зэлэжьахэри (апхуэдэ лэжьыгъэ щхьэпэхэри 70-м щIегъу).

Зи анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ мыкIуэщI хузиIэу зи гъащIэр зыхьа Елбэд Хьэсэн лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ адыгэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIи. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, IуэрыIуатэр лъэпкъым зэрызэрихьэр, хъума зэрыхъур вариант зэмылIэужьыгъуэхэм итущ. Елбэдым зэхуихьэсыжри итхыжауэ щытащ нарт пшыналъэхэм я вариант зыбжанэ. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, «Нарт Сосрыкъуэ», «Нарт Батрэз», нэгъуэщIхэри. ЩIэныгъэлIхэми къэхутакIуэхэми хьэлэмэту икIи купщIафIэу къалъытащ абы итхыжа таурыхъхэмрэ хъыбарыжьхэмрэ.

Къинэмыщ Iауэ, Елбэдым Шортэн Аскэрбийрэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ я гъусэу игъэхьэзырат икIи 1948 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ «Къэбэрдей уэрэдхэмрэ псалъэжьхэмрэ» тхылъ гъэщIэгъуэныр. ЩIэныгъэ дунейм гулъытэшхуэ щыхуащIащ Елбэд Хьэсэн ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ профессор цIэрыIуэ Яковлев Николайрэ щIыгъуу зэфIиха лэжьыгъэшхуэм: къэбэрдей псалъэжьхэр алфавиткIэ зэкIэлъахьри, урысыбзэкIи зэрадзэкIыжауэ щытащ. Ахэр Къэбэрдей щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыдигъэкI «Учёные записки» щIэныгъэ журналым ихуащ. А псори ди тегъэщIапIэу жытIэ хъунущ, бзэщIэныгъэлI Iэзэу зэрыщытам къыдэкIуэу, Елбэд Хьэсэн IуэрыIуатэдж гумызагъэуи лъэпкъым зэрыдиIар.

Лъэпкъ еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэ хьэлэмэтхэм ящыщщ «Гум къэкIыжхэр» мемуар тхыгъэшхуэр. И зэхэлъыкIэкIи, и ухуэкIэкIи гъэщIэгъуэну икIи купщIафIэу щыт а тхыгъэм Елбэд Хьэсэн къыщиIуэтэжащ и сабиигъуэм къыщыщIэдзауэ и гъащIэ псор къызэрекIуэкIар. Роман дахэм ещхьу къеджэгъуафIэ, узыIэпызышэ, щIэныгъэ лэжьыгъэм хуэдэу купщIэшхуэ зиIэ а тхылъым ещхь ипэкIэ димыIауэ жаIэ щIэныгъэлIхэм. И ухуэкIэкIэ ар хуокIуэ КIыщокъуэ Алим и «Бгыщхьэ хужьым укъеплъыхмэ» роману нэхъ иужьыIуэкIэ дунейм къытехьауэ щытам. Елбэдым и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кууэ зыджа Нало Заур зэритхауэ щытамкIэ, литературэджхэми тхыдэджхэми яфIэхьэлэмэт Iуэхугъуэ куэд къыщаугъуеящ а тхыгъэшхуэм. Абы итщ Хьэсэн и къалэмыпэм къыпыкIа усэхэр, щIэныгъэ статьяхэр, поэмэ цIыкIухэр, нэгъуэщIхэри. А тхылъым къыхощыж адыгэхэм нэхъапэм ди псэукIар, диIа еджапIэхэм (мыдрисэхэм) щызекIуэу щыта хабзэхэмрэ Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмрэ, адыгэ тхыбзэмрэ литературэмрэ зэрызаужьа щIыкIэхэр, ди щIыналъэм тхыдэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэр зэрыщекIуэкIам я хъыбархэр. А Iуэхугъуэ псоми щыгъуазэ дызэрыхуэхъур езы Елбэдым и гъащIэм дыкIуэцIрыплъурэщ.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм хуищIа хэлъхьэныгъэ иныр къалъытэри, Елбэд Хьэсэн къыфIащауэ щытащ «КъБАССР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБАССР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр. Еджагъэшхуэм, лъэпкъ узэщIакIуэм къыхуагъэфэщащ «ЩIыхьым и дамыгъэ», «ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь» орденхэр, «Псэ хьэлэл лэжьыгъэм папщIэ» медалыр, нэгъуэщI дамыгъэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Жылагъуэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм сыт хуэдэ лъэхъэни жыджэру хэта Елбэдыр дзыхь къыхуащIу, мызэ-мытIэу хахащ КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и цIыхубэ депутату. Апхуэдэ пщIэ лъагэхэр, гулъытэ нэсхэр Хьэсэн къилэжьащ зыпэрыт IэнатIэм щызыхищIэ жэуаплыныгъэмкIэ, жылагъуэ Iуэхухэм яхуиIэ гудзакъэмкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и узэщIакIуэ щэджащэр 1967 гъэм и фокIадэм дунейм ехыжащ, къыщалъхуа и къуажэм яшэжри, пщIэ хуащIу абы щыщIалъхьэжащ. И кIэм нитхысыну зыхунэмысу Нало Заур и фIыгъэкIэ иужькIэ къыдэкIа «Гум къэкIыжхэр» тхылъым итщ ди тхыгъэм и пэщIэдзэм къыщытхьа а псалъэхэр. Абыхэм къакIэлъокIуэ: «...Сэ сыфхокIыжыр, си гуащIэ мащIэмкIэ злэжьа тIэкIури къыфхузогъанэ. Псоми берычэт бесын вжызоIэ, си илъэс 80-р насыпыфIэу къызэрызгъэщIам щхьэкIэ! Узыншэу фыщыт, цIыхухэ! Узыншэу, щIэныгъэм дамэ зытригъэкIа, си псэм хуэдэ си лъэпкъ дахэ!»

Апхуэдэт Елбэд Хьэсэн Увжыкъуэ и къуэр, узэщIакIуэ цIэрыIуэр, еджагъэшхуэр, къэхутакIуэ емызэшыр, щIэныгъэ лэжьакIуэ IэкIуэлъакIуэр. Абы и гъащIэ купщIафIэр цIыхум къызыхэкIа лъэпкъым хуищIэфынум и щапхъэ ирехъу. ЩIэныгъэ нэхур дэтхэнэ лъэпкъри зыIэтыфыну дамэ лъэщу къэзылъытэу щыта хэкупсэ нэсыр зытелэжьахэри IэщIыб дымыщI хъугъуэфIыгъуэу адыгэ лъэпкъым куэдрэ дрырeIэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

Журналистхэр зочэнджэщ

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩIыналъэм и Iуэхур щызэкIэлъагъакIуэ и центрым и конференц-пэшым щекIуэкIащ «XXI лIэщIыгъуэм и журналистикэ: мардэхэмрэ щIэуэ къыхыхьахэмрэ» щытепсэлъыхьа зэIущIэ. Абы къыщызэхуэсат министерствэхэмрэ къулыкъущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ, щIыналъэ администрацэхэм я пресс-IуэхущIапIэхэм, республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм щылажьэ журналистхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, «Эльбрус» корпоратив университетым иригъэкIуэкI зэIущIэхэм ящыщ зыт жылагъуэм я гупсысэр зыунэтI IэщIагъэлIхэр зыхэтари. Абыхэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ, махуэ псом къриубыдэу лэжьыгъэ купщIафIэ зэдащIащ Москва къикIа хьэщIэхэу телеведущэ, медиатехнолог, НИУ ВШЭ-м и егъэджакIуэ, медиаменеджер, эксперт, Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «ТЭФИ-Регион» саугъэтым и «Интервьюер» унэтIыныгъэм щэнейрэ и лауреат Ибрагимовэ Гузель, «Москва 24» телеканалым и программэхэм я унафэщI Воронин Андрей сымэ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Байчекуев Аслъэн жиIащ нобэрей зэхыхьэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр, хъыбарегъащIэ Iуэхум пэрыт дэтхэнэ зыми и щIэныгъэмрэ зэфIэкIымрэ сыт щыгъуи хигъахъуэу лэжьэн зэрыхуейр. «КъищынэмыщIауэ, зэманыр апхуэдэщи, нобэ хъыбарыщIэхэр псом япэ итщ, ар пэжу, зэпэщу цIыхухэм я пащхьэ илъхьэн хуейщ зэпыу имыIэу. Абы и лъэныкъуэкIэ къэралым щыщыIэ бгъэдыхьэкIэр, щытыкIэр, хэкIыпIэхэр къыджезыIэн IэщIагъэлIхэр къедгъэблэгъащи, сыхуейщ федэ хъуэну, фи зэфIэкIхэр зыхуэдэр вгъэунэхуну, фи къэухьым хэвгъэхъуэну», - жиIащ Байчекуевым.

КъБР-м бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр мыпхуэдэ зэдэлэжьэкIэм фIы куэд къызэрыпэкIуэр къыхигъэщащ.

- Сэ сыщогугъ нэхъыбэрэ дызэхуэзэну, ди зэфIэкIхэмкIэ дызэдэгуэшэну, зы гуп зэкъуэтым хуэдэу дылэжьэну, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэни дыщызэхахын, дыкъызэлъагъун, ди Iуэху еплъыкIэр къыщащIэн хуейщ. ЦIыкIури инри жытIэмрэ тхымрэ къащIэдэIуу щытыпхъэщ, - дыщIигъуащ Бозий Аскэр.

Абы и псалъэхэр диIыгъащ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ министр Лу Азэмэт:

- Дауи, мыхьэнэшхуэ иIэщ жылагъуэм фызэхахыным, республикэм исхэр къывэплъыным, фтхыхэм къеджэным. Ауэ дэ зыщыдгъэгупщэ хъунукъым щIалэгъуалэр къызэрыдэтхьэхын хуей IэмалхэркъэдгъэсэбэпынукIэ. Абыхэм яфIэгъэщIэгъуэну, зэIэпахыу, къагъэсэбэпу хъыбарыр ептын щхьэкIэ, иджырей зэманым декIу контент пщIын хуейщ. Мыбдежым зы щапхъэ къэсхыну сыхуейщ. УФ-м и Президентым и Администрацэмрэ ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэмрэ илъэс къэс щIыналъэхэм щIэупщIэныгъэ щрагъэкIуэкI щIалэгъуалэм зауэжьынымкIэ, щIэныгъэ, IэнатIэ зрагъэгъуэтынымкIэ щыIэ Iэмалхэр къахутэу. ЩIалэгъуалэм а упщIэхэм жэуап къыщраткIэ, дэтхэнэри дэзыхьэх елъытауэ зиужьынымкIэ хэкIыпIэ псори къэралым къазэрыхуззэригъэпэщыр къыхагъэщащ. Ауэ цIыхубэр зэхэту къапщтэмэ, нэхъыжьхэми курыт ныбжьым итхэми я жэуапыр щыхэтым деж, щIалэгъуалэм яIэ хэкIыпIыхэр мащIэу къагъэлъагъуэ. Ар апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр къыддэIэпыкъун хуейщ. Абыхэм цIыхубэм я деж нахьэсыпхъэщ иджыпсту щIалэгъуалэм теухуауэ къэралым щекIуэкI Iуэхугъуэ бжыгъэншэхэр, къыдэкIуэтей щIэблэр лъэ быдэкIэ гъащIэм хэувэн папщIэ Iэмал псори щIыналъэхэм къызэрыщагъэсэбэпыр. Ар ди нэхъыжь псоми зэрамыщIэр, зэрызэхамыхыр ди жагъуэ мэхъу. Ди республикэм ис цIыху бжыгъэм и Iыхьэ щанэр щIалэгъуалэщи, ахэр зэджэн, абыхэм я гугъу щащIын, ныбжьыщIэхэм яфIэгъэщIэгъуэну зэбграхын тхыгъэхэмрэ подкастхэмрэ фщIымэ, лъэныкъуитIми ди Iуэху дэкIынущ.

Ибрагимовэ Гузель жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистхэр ягъэсэжыну къызэрымыкIуар, езыхэми щIэ гуэр къащIэну зэрыщIэхъуэпсыр. Кавказым щекIуэкI псэукIэмрэ ар хъыбарегъащIэ IэнатIэм пэрытхэм къызэрагъэлъэгъуэжымрэ езыхэм я дежкIэ зэрыщIэр.

«Фэ езым фи зэфIэкI, фи Iэмэпсымэ, фи бгъэдыхьэкIэ фиIэжщ. Дэ ди къалэныр цIыхухэм хъыбарыр къазэрыIэрыхьэр, зэрызэIэпахыр, яфIэщ зэрыхъур иджырей мардэхэм теухуауэ гъэнэхуэнырщ», - дыщIигъуащ Воронин Андрей.

Ибрагимовэ Гузель и лэжьыгъэр къызэрыщIидзар мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщ: «Нобэ мардэр кIэщIу икIи тыншу упсэлъэнырщ. Абы зедгъэсэн хуейщ».

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэм: тхыгъэ купщIафIэ зэрыптхынум, тхыгъэм и фIэщыгъэцIэр псалъитI нэхърэ мынэхъыбэу щытын зэрыхуейм, зэпсэлъэныгъэ гугъухэм уакъызэрыхэкIынум, сурэт мыхьэнэншэм къишэнкIэ хъуну гугъуехьым, нэгъуэщIхэми. Щхьэхуэу къыхагъэщащ: нобэ нэхъыщхьэр къэпсэлъэн къудейракъым, атIэ узэхахынырщ.

«Дэ къыдэплъхэмрэ къыдэдаIуэхэмрэ иужьрей илъэсиблым апхуэдизкIэ захъуэжащи, илъэс къэс хэкIыпIэщIэхэр къэдгупсысын хуей мэхъу», - къигъэнэIуащ Ворониным.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIахэмрэ абы едэIуахэмрэ купщIафIэу зэдэлэжьащ махуэ псом: Iуэху щхьэхуэхэр зэпкърахащ, хъыбарыщIэхэм зэгъусэу елэжьащ, гупсысэкIэ гъэщIэгъуэным узэрыхуэкIуэнум тепсэлъыхьащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тхылъыр зи Iэпэгъухэр

Щэнхабзэм зиужьынымкIэ центрым щагъэлъэпIащ КъБР-м тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм илъэс къэси ирагъэкIуэкI «Тхылъ еджэным егугъуныр - щIэблэм егугъунырщ» Iуэхум ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьахэр. Ар зэхыхьэр траухуащ Тхылъым и дунейпсо махуэм.

ТХЫЛЪЫР фIыуэ зылъагъухэм я щIыналъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье Iуэхум хэтахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ, фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа литературэ зэпеуэхэр къэзыпщытахэм, сыт щыгъуи къакIуэт тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэхэм, гъуазджэм и лэжьакIуэхэм. Абыхэм ящыщу къеблэгъащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Беппаев МутIалип, КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм жэуап зыхь и секретарь Мэремкъул Ларисэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и лIыкIуэ Бэлахъуэ Олег, «Солнышко» сабий журналым и лэжьакIуэ Мазуренкэ Маринэ, ОНФ-м и щIыналъэ штабым хэт Тхьэмокъуэ Анзор, «Это Кавказ» порталым жэуап зыхь и редактор Щомахуэ Дарье.

Зи гугъу тщIы Iуэхум хиубыдэу зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIащ зэпеуэ зыбжанэ. Абыхэм я зэфIэкI къыщагъэлъэгъуащ сабийрэ ныбжьыщIэу цIыху 300-м щIигъум. «Литературэ зэдзэкIыныгъэ» зэпеуэм и фIыгъэкIэ псалъэм и къарур зыхэзыщIэ, тхыгъэм и художественнэ мыхьэнэр мыкIуэду зы бзэм къизыхыу адрейм зыхыф ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIыр къэнэIуащ.

«Художественнэ псалъэ» зэпеуэм къриубыдэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ усэ, тхыгъэ гъэхуауэ къеджэнымкIэ зэпеуащ. Мы гъэм ар екIуэкIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и ТхакIуэхэм, и Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэт Опрышкэ Олег и илъэс 90, КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Бицу Анатолэ илъэс 80, балъкъэр усакIуэ Шахмурзаев Сэид къызэралъхурэ илъэси 140-рэ зэрырикъур ягъэлъапIэу. Тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм ирагъэкIуэкIащ «Таурыхъхэм я дуней телъыджэм» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэр. Тхылъ дамыгъэхэмкIэ (экслибрис) зэпеуэр Тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм къыхилъхьат Афанасьев Александр къызэралъхурэ илъэс 200 зэрырикъум и щIыхькIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа зэпеуэм къыщыхаха лэжьыгъэ 17 ирагъэхьащ Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм иригъэкIуэкIыну федеральнэ кIэух зэпеуэм.

«Литературэ зэдзэкIыгъэхэр» зэпеуэм нэхъыфI дыдэу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм ахъшэ саугъэткIэ яхуэупсащ КъБР-м и Парламентым и депутат Къуэжокъуэ Артур. Тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм щIыхь тхылъхэр игъэхьэзырынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хуэхъуащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ къудамэр. Тхылъхэр тыгъэу пшыхьым щигуэшащ Тхьэмокъуэ Анзор. Гран-при къэзыхьа ныбжьыщIэ зыбжанэм ЩIДАА-м къыбгъэдэкIыу тыгъэхэр хуащIащ.

Зэпеуэхэм нэхъыфIу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэр пшыхьым щагъэлъэпIащ, ахъшэ саугъэтхэр, тхылъхэр, щIыхь тхылъхэр, медалхэр ирагащ. НыбжьыщIэхэм я пшыхьыр ягъэдэхащ «ДыгъафIэ къалэ» еджапIэм къафэмрэ макъамэмкIэ и «Нальчанка» гупым и гъэсэнхэм, урысейпсо, дунейпсо уэрэд зэпеуэхэм текIуэныгъэхэр къыщызыхьа Атэбий Албэч, ЩэнхабзэмкIэ центрым и художественнэ унафэщI Мэзыхьэ Анастасие и гъэсэнхэм.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ** *ейщ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Хахуагъэм и фэеплъу

КНДР-м и къалащхьэ Пхеньян къыщызэIуахащ Корее Ищхъэрэм и зауэлIхэм, Курск областыр хуит къэзыщIыжахэм яхэтахэм, зэрахьа лIыгъэм хуэгъэпса музей-фэеплъ комплекс. ЗэIущIэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и УнафэщI Володин Вячеславрэ Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр Белоусов Андрейрэ.

Ди къэралым и лIыкIуэхэм музейм зыщаплъыхьащ, къуентхъ Iэщэхэмрэ дзэ техникэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэм еплъащ, къулыкъур ирахьэкIыу хэкIуэда зауэлIхэм я цIэунэщIэхэр зытет фэеплъ пхъэбгъум удз гъэгъахэр тралъхьащ. Абдеж щекIуэкIа фэеплъ концертым кореибзэкIи урысыбзэкIи уэрэдхэр щыжаIащ.

Апхуэдэу Белоусов Андрей Курск областыр хуит къэщIыжынымкIэ къыхуагъэува къалэнхэр щагъэзащIэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъэгъуа, Корее цIыхубэ армэм и зауэлIхэм дамыгъэ лъапIэхэр яритащ. «КНДР-м и зауэлIхэм IуэхукIэ къагъэлъэгъуащ Хэкум, дзэ къулыкъум, тхьэрыIуэм зэрыхуэпэжыр», - жиIащ министрым.

Гъуэгухэр ирагъэфIакIуэ

2026 гъэм «ГъащIэм хуэщIа ухуэныгъэхэр» лъэпкъ проектымкIэ турист щIыпIэхэм екIуалIэ щIыналъэ гъуэгуу 340-рэ зыхуей хуагъэзэжынущ.

«Урысейм жыджэру зыщеубгъу автомобиль туризмэм, псом хуэмыдэу ар нэрылъагъу мэхъу накъыгъэ махуэшхуэхэм деж. Мыхьэнэшхуэ иIэщ зыгъэпсэхупIэхэмрэ щIыпIэ дахэхэмрэ хуэкIуэ гъуэгухэр тыншу икIи шынагъуэншэу щытыным. Абы папщIэ, «ГъащIэм хуэщIа ухуэныгъэхэр» лъэпкъ проектым къызэрытхуигъэувым тету, щIыуэпс, архитектурэ, тхыдэ щIыпIэ телъыджэхэм ухуэзышэ гъуэгухэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуауэ лэжьыгъэхэр идогъэкIуэкI», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.

Урысейм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ правительствэ комиссэм и зэIущIэм къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, нэгъабэ елъытауэ, 2026 гъэм и щIышылэ - мазае мазэхэм къэрал кIуэцI турист зекIуэхэм я бжыгъэр процентиь 2,6-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ар и щыхьэтщ Урысейм и щIыпIэ дахэхэр зрагъэлъагъуным цIыхухэр нэхъ дихьэх зэрыхъуам, абы ипкъ иткIи гъуэгу ухуэныгъэхэр егъэфIэкIуэн зэрыхуейм.

Мэлыжьыхьым и 28, *гъубж*

♦**Лэжьыгъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**
♦**Къуэш зэрыщIа къалэхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**«ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
♦**Химие шынагъуэншагъэм и махуэщ**
♦**1874 гъэм** къалъхуащ Хэку зауэшхуэм быни 9, зы нысэ, къуэрылъху-пхъурылъхуу 3 зыгъэкIуа шапсыгъ анэ Щхьэлахъуэ Чэбэхъан.
♦**1902 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **ДыщэкI Мухьэмэд.**

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 12, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 29, *бэрэжьей*

♦**Къафэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Химие Iэщэ къызэрагъэсэбэпам и зэранкIэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ**
♦**Урысейм ягу къыщагъэкIыж МЧС-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр**
♦**1942 гъэм** Къардэн Къубатий Ленин орденыр етIуанэу кърататащ.
♦**1964 гъэм** ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щагъэуващ «Лалуцэ» япэ балетыр.

Дунейм и щытыкIэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 15, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ
Мэлыжьыхьым и 25-м республикэм къыщалъхуащ сабий 28-рэ: 15-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.
Мэлыжьыхьым и 26-м - сабий 24-рэ: 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 13-р щIалэщ.
Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 623-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2927-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Хьэ закъуэрэ лIы закъуэрэ уатемыгушхуэ.

Ислъамым и нур

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

УзэрыщIыхуху - узэрощIэ

Лъэпкърэ динкIэ зэтемыхуэхэр фIыкIэ зэдекIуэкIын зэрыхуейм теухуа «СтIол хъурей» Владикавказ щекIуэкIащ мэлыжьыхьым и 14-м. Ар къызэрагъэпэщат Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и муслъымэнхэм я IуэхущIапIэмрэ Ислъам щэнхабзэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондымрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим.

«ДИ «СтIол хъурейм» и мурадыр ижьыжьыжкIэ ди адэжьхэмрэ дыкъызыхэкIа лъэпкъхэмрэ къадекIуэкI, иджырей щIалэгъуалэми пщIэ зыхуащI хабзэмрэ нэмысымрэ я уасэр къыдгурыIуэжу, динымрэ къэралымрэ зэрызэдэлэжьэну Iэмалхэр дубзыхунырщ», - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым ар щекIуэкIа республикэм и муфтий Гацалов Хьэжмурат.

Сыжажэ Алим и къэпсэлъэныгъэм ислъамым къигъэув зэхущытыкIэ хабзэр лъэпкъкIи динкIи зэтемыхуэхэм тегъэщIапIэ быдэ зэрахуэхъум къыщытеувыIащ. Абы къыхигъэщащ мыхьэнэшхуэ зиIэ IуэхугъуиплI: 1) ЗэрыщIыхуныр: Алыхьталэм дэтхэнэ лъэпкъри езым бгъэдэлъ фIыгъуэхэмкIэ адрейхэм ядэгуэшэн папщIэщ псори зэмыщхьу къыщIигъэщIар. 2) Захуагъэр: ныбжьэгъухэми бийхэми захуагъэкIэ ябгъэдэтыныр. 3) ГущIэгъур: Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхар къызэрагъэкIуар фIыгъуэмрэ гущIэгъумрэ я лIыкIуэущ. 4) Диным зыри лъэщыгъэкIэ бгъэдэмыгъэувэн: «Диным хэгъэзыхь хэлъкъым» Iэятыр абы и щыхьэтщ.

«Зы пщIантIэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIа сабийхэр зэдоджэгури дэтщ, зэгъусэу хохъуэ, ныбжьэгъу зэхуохъу, я адэ-анэхэр къахэIэбэу, ахэр гуэшын щIадзэху, - жиIащ Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муфтийм и къуэдзэ Хъущт Мурат. - ЗэгурыIуэныгъэм и лъабжьэр зы лъэпкъым адрейм пщIэ зэрыхуищIырщ, дэтхэнэ динми уасэ щхьэхуэ зэриIэр псоми къабыл зэращIырщ».

Къэплъыхъуэр къэбгъуэтащ

Хъызыр лъапIэр хэт бегъымбару щытауэ жеIэ, хэти Алыхьым и нэфI зыщыхуа цIыху хэIэтыкIахэм, уэлийхэм язу къелъытэ. Ауэ псори зэакъылэгъущ ар псэууэ дунейм зэрытетымкIэ, теплъэ зэхуэмыдэхэм иту гъуэгурыкIуэхэм сэбэп зэрахуэхъумкIэ. «Хъызыр-бегъымбарыр Алыхьым гъусэ къыпхуищI», - жаIэ адыгэхэми, зыгуэр щрагъажьэкIэ.

ПАСЭ зэманым псэуа сультIан гуэрым Iэмал имыIэу Хъызыр лъапIэр зригъэлъагъуну мурад ищIри, и унафэм щIэтхэм яхигъэIуащ: «Хэт Хъызыр къысхуигъуэтми, абы хуэзмыщIэн мы дунейм теткъым». СультIаным и щIыналъэм зы унагъуэ тхьэмыщкIэ дыдэ щыпсэурт, я сабийхэр яIэщIэлIэнкIэ гузавэу. Арати, лIы факъырэм и щхьэгъусэр егъэтIысри жреIэ: «Сэ сультIаным деж сыкIуэнщи, Хъызыр лъапIэр къыхуэзгъуэтыну жесIэурэ, махуэ 40-кIэ сабийхэм едгъэшхын къеIысхынщ. Махуэ 41-нэм саукIыу щытми, апщIондэху абыхэм ярикъун ерыскъы къыIэщIэзгъэкIынщи, фэ фыпсэунщ». ЦIыхубзыр акъылэгъу къыхуэхъуакъым лIы тхьэмыщкIэм, ауэ мобы мурад быдэ ищIати, зэрыжиIам ещхьу, сультIаныр къигъэгугъэурэ, махуэ 40-м и кIуэцIкIэ езыр дунейм ехыжа нэужьи и унагъуэм хурикъун мылъку къыIэщIигъэкIащ. Махуэ 41-нэм лIыр сультIаным иреджэ. «Дэнэ щыIэ сыкъызэрыбгъэгугъар?» - къоупщI. ЛIы факъырэми зыкъеумыс: «Сэ сщIэркъым Хъызыр здэщыIэр, си унагъуэм езгъэшхын сиIэтэкъыми, пцIы пхуэзупсауэ аращ, къызэпщIэнуIам ухуитщ». Арати, сультIаным и къуэдзэхэр къреджэ, лIы тхьэмыщкIэм и унафэр ящIыну, езыри утыкум къерегъэувэ.

«Мыр зыщIам сыт епщIэ хъунур?» жиIэу, и къуэдзэхэм защыхуигъазэм, сультIаным и Япэ уэзирым мыр жиIащ: «УплIэнщIын хуейуэ аращ ар, Iыхьэ-Iыхьэу и Iэпкълъэпкъыр упщIэтауэ!» Абдеж дыдэм зыми имыцIыху сабий гуэр къыщыхутащ. Япэ уэзирым жиIэнур иуха нэужь, сабийр кIиящ: «Щхьэж къызыхэкIам ещхь мэхъуж».

СультIаным ЕтIуанэ уэзирым зыхуегъазэ, сыт жыпIэн жыхуиIэу. «Езыр зэрыпсэууэ, и фэр телъэфын хуейщ апхуэдэу сультIаныр къэзыгъэпцIам», - жиIащ абы. Ар зэрызэхихыу, сабий мыцIыхур аргуэру кIиящ: «Щхьэж къызыхэкIам ещхь мэхъуж!»

СультIаным Ещанэ уэзирым зыщыхуигъазэм, жэуапу къритар нэгъуэщIщ: «Зиусхьэн! Мы тхьэмыщкIэм пцIы щIиупсар къызыхихар и унагъуэр шхын щхьэкIэ зэрылIэрщ. Уэ пхуэдэу гущIэгъу зыхэлъ сультIаным хуэфащэкъым ар абы щхьэкIэ иукIыну. Къыхуэбгъэгъуныр хэкIыпIэхэм я нэхъыфIу къызолъытэ». Сабий мыцIыхур аргуэру кIиящ: «Щхьэж къызыхэкIам ещхь мэхъуж!»

СультIаным мо кIий макъыр ещанэу щызэхихым, сабийр утыкум къырыригъэшащ: «Сыт жыпIэм къикIыр? Уэри езыр ухэт?»

Абдежым сабийр зэпIэзэрыту къэпсэлъащ: «Япэ уэзирым и адэр лыщэу щытащ. Арати, чэнджэщкIэ зыщыхуэбгъазэм, лIыр лым ещхьу упщIэтэн хуейщ къыщIыбжиIар аращ. ЕтIуанэ уэзирым и адэр фащIэу щытати, псэууэ и фэр тедвгъэх щIыжиIар аращ. Ещанэ уэзирым и адэр уэзиру щытати, чэнджэщ пэж къозытыфар абы и закъуэщ. Аращ «щхьэж къызыхэкIам ещхь мэхъуж» щIыжысIар. Уэзир къэплъыхъуэмэ, мыр и щхьэм щыщIэдзауэ и лъакъуэм нэс уэзирщ. Хъызыр къэплъыхъуэмэ, ар сэращ!»

Мис апхуэдэу и чэзу дыдэм къыкъуэкIыу жаIэ Хъызыр лъапIэри, ар фIыкIэ зыгъэунэхун дэтхэнэ зыри Тхьэм ищI.

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ зэрызэдекIуэкIыпхъэр

Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и щIэблэм щыщ щIэныгъэлI Эрол Мухьэмэд Сакъий 2009 гъэм «Ислъамыр зи тегъэщIапIэ унагъуэ насып» и цIэу тхылъ къыдигъэкIауэ щытащ. Муслъымэн унагъуэм ис дэтхэнэ зыми къытехуэ къалэнхэм щытопсэлъыхь абы щIэныгъэлIыр. Псалъэм папщIэ, гуащэмрэ нысэмрэ зэрызэхущытыпхъэм.

ИСЛЪАМЫМ и еплъыкIэмкIэ, нысэр гуащэм пхъу хуэхъуу аращ, езыри ар къэзылъхуа и анэ дыдэм и пIэ йоувэ. УнагъуэщIэ зыухуахэм я къэкIуэнур апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм зэрызрагъэсэфым куэдкIэ елъытащ.

Гуащэр укъэзылъхуа анэм и пIэ зэриувэм хуэдэу, тхьэмадэри адэ етIуанэ пхуэхъуу аращ. Алыхьталэм и унафэхэм язщ: «Адэмрэ анэмрэ е а тIум я зыр жьыхуегъэзэкI хъуамэ, абыхэм «Уф» яжумыIэ» (17:23).

Уи щхьэгъусэм и адэ-анэм уащыдэIэпыкъукIэ, абыхэм яхуэщIапхъэр щахуэпщIэкIэ, ахэр ебудэкI хъунукъым. Алыхьым и фIыгъуэм ущыгугъыурэщ сытри яхуэпщIэн зэрыхуейр, апхуэдэ гуапагъэм Ар зэрыхуэфэщэну къыпэджэжынущ.

Нысэр уи къуэр къыптезых нықъуэкъуэгъуу, жагъуэгъуу къыщIэплъытэни щыIэкъым. Нысэр псом япэ къуэм и гъащIэ гъусэу аращ, абы и ныбжьэгъущ, и дэIэпыкъуэгъущ. Ар унэIуту къыщIэплъытэн щыIэкъым, узэреджэу къыщIэпхъуэрэ къажэу, уи унафэр щIэлъэту игъэзэщIэн хуейуэ. Дауи, нысэр зэрыхузэфIэкIкIэ ядэIэпыкъун хуейщ и щхьэгъусэм и адэ-анэм, абыхэм я лъэIухэр игъэзэщIапхъэщ, зэрыпсапэм къыхэкIыу. Ауэ зыри хуиткъым жэщ-махуэ сыхьэт 24-м ар и лIым и адэ-анэм къабгъэдэмыкIыу, абыхэм ягу къыпылъадэ псори игъэзащIэу ябгъэдэсыныр пиубыдыну. Iэмалыншагъэ гуэр щымыIэмэ, нысэм ахэр хуэбукъуэдий хъунукъым.

Диным къигъэув къалэнхэм къадэкIуэу, цIыхубзми иIэщ и лIым и пащхьэм щихь къалэн пыухыкIахэр. И щхьэгъусэм деж къыщытехуэ къалэнхэм нэхърэ нэхъапэрэ жэуаплыныгъэ нэхъ зыпылъщ цIыхубзым иIэкъым. Языныкъуэ къэралхэм нысэм и тхьэмадэр къилъэгъуа нэужь, абы пщIэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу зигъэшыну, макъ щэхукIэ псэлъэн хуейуэ хуагъэув. Ар ди диным и унафэкъым, щIыналъэ хэхам щызекIуэ хабзэу аркъудейщ. Дауи, нэхъыжьхэр, щIэныгъэлIхэр щыщытым деж, уи макъыр думышеймэ нэхъыфIщ. ЗэпIэзэрыту, макъ ешэхакIэ упсалъэмэ, нэхъ екIущ. Псори зэлъытар уздэщыIэмрэ узэпсалъэмрэщ, армыхъумэ зыщIепшэхыни уи бгыр егъэлеяуэ щIэбгъэшыни щыIэкъым.

Ди жагъуищэ зэрыхъущи, ди зэманым зэпсэлъэкIэ хабзэми зэдекIуэкIыкIэ нэмысми цIыхухэр елIалIэркъым. Нэхъыжьхэм уи ныбжьэгъухэм ещхьу, узыкIэлъымыплъыжу уабгъэдэтыну, хуиту уутIыпщауэ, удыхьэшхыу, унэжэгужэу закъебгъэлъагъуну екIуркъым. Ахэр техуэркъым ди диным къигъэувхэм, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ зэхущытыкIэм уи зэхуакум дэлъыпхъэ пщIэ-нэмысымрэ лъагъуныгъэмрэ докIуэд. ИкIэм-икIэжым, Iуэхур нэхъеижым хуокIуэри, нэхъыщIэхэм нэхъыжьхэм пщIэ хуамыщIу, зэгурымыIуэхэу, зэдемыкIуэкIыжыфу мэхъу.

Муслъымэн цIыхубзхэми цIыхухъухэми ялъэкI къагъэнэн хуейкъым я адэ-анэм фIыуэ зыкърагъэлъагъун папщIэ. Абыхэм зэрызыхуэгъэзапхъэр «си анэ IэфI», «си адэ лъапIэ» псалъэхэмкIэщ. Нэхъыжьхэм уащепсалъэкIэ икъукIэ усакъыу, щабэу, къыплъысыр пщIэжу ущытын хуейщ. Абыхэм уабгъэдэту, узэкIуэцIылъэлъу ущIэдыхьэшхын щыIэкъым. МащIэу упыгуфIыкI е щэхуу упыдыхьэшхыкI хъунущ. Хуабжьу удыхьэшхыныр армырми щыдахэкъым зыщIыпIи. Нэхъыжьхэм уащыбгъэдэтым деж, емыкIум ухуэсакъыпхъэщ. Ущылъу е зибгъэщIеикIауэ ущыс хъунукъым, абыхэм укъалъагъуу. КIуэ, и узыншагъэкIэ цIыхум зыгуэрым зытригъэщIэн хуей хъумэ, абы и Iуэхур щхьэхуэщ, емыкIуи хэлъкъым. А псори зэдекIуэкIыкIэ дахэм и щапхъэщ, ди гъэсэныгъэр здынэсыр къигъэлъагъуэу.

Унагъуэм щыщхэм щIэх-щIэхыу зым адрейм тыгъэ хуащIын хуейщ, сыту жыпIэмэ, абы фIыуэ узэхущытыным, Iыхьлыгъэр нэхъ быдэ пщIыным ухуеунэтI. Тыгъэ зыщI дэтхэнэ зы цIыхуми занщIэу зыхещIэ абы фIыгъуэу къыдэкIуэр зыхуэдизыр.

Iуэху дахэ дыдэхэм ящыщ зэIыхьлыхэр зыр адрейм тхьэ хуелъэIуныр. Алыхьталэм и пащхьэм щиувэкIэ, и Iэхэр къиIэту, мыпхуэдэу къиIущэщмэ: «Алыхьу ди Тхьэ! Къыхуэгъэгъу мыпхуэдэ уи пщылIым и гуэныхьхэр, абы Уи фIыгъуэр къыбгъэдэлъхьи, Жэнэт хадэр зылъысынухэм ящыщ щIы!» Апхуэдэ тхьэлъэIухэм я фIыгъэкIэ цIыхум хууиIэ гужьгъэжьри гукъанэри мэткIуэри, абы зыми пхухуэмыгъэдэн гупсэхугъуэрэ гурыщIэ IэфIрэ къохъуэ.

Алыхьым папщIэ цIыхухэм гугъу захуебгъэхьыныр, тхьэлъэIу яхуэпIэтыныр бегъымбархэм я хьэлу къокIуэкI. Дэтхэнэ зы муслъымэнми хэлъыпхэщ абы и Iыхьэ гуэр. Щхьэж и Iиманыр здынэсыр къыхуэпщытэнущ апхуэдэ гурыщIэу зыхищIэм елъытауэ.

Унэр ягурэ жьэгур я псэу

● Щапхъэ

Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэр щапхъэу адрей лъэпкъхэм къахэзыгъэщхьэхукIхэм ящыщщ унагъуэр. Абы исхэр зэрыIыгъмэ, лъэщмэ, пкъыфIэмэ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжмэ, хабзэр бзыпхъэ дахащэу зэрахьэмэ, ар зыщыщ лъэпкъри йофIакIуэ, ипэкIэ мэкIуатэ, гъащIэм къытхуихьынкIэ хъуну Iуэхугъуэ мыщхьэпэ куэдым полъэщ. Зи цIэр фIыкIэ къипIуэ хъун унагъуэ куэд республикэм диIэми, си тхыгъэм сыхуейщ къыщыхэзгъэщыну Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Малкэ къуажэм унагъуэ дахэ щызыухуауэ щыпсэу Тэтэркъан Гъумаррэ Щоджэн Жаннэрэ.

ЛЭЖЬЫГЪЭ IэнатIэ ирехъу, унагъуэ псэукIэкIи къащтэ, цIыхухэм зи цIэр сыт щыгъуи фIыкIэ къраIуэхэм ящыщщ зэщхьэгъусэхэр. Гъумар хабзэхъумэ IэнатIэм пэрытщ, Жаннэ и зэфIэкIхэр щегъэлъагъуэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм.

Нэхъ гъунэгъуу фэзгъэцIыхунщ а цIыху гуащIафIэхэр, пэжхэр, жэуаплыныгъэ зыхэзыщIэу IэнатIэр езыхьэкIхэр, абыхэм я унагъуэ дахэм исхэр.

Тэтэркъан Гъумар Iэуес и къуэр Малкэ къуажэ къыщалъхуащ. Лэжьыгъэ IэнатIэу къыхихари, илъэс бжыгъэ мымащIэ зытригъэкIуэдари цIыхухэм ядэIэпыкъунырщ, абыхэм зэран къахуэхъуу щIэпхъаджагъэ зыщIэхэм гъуэгу емытынырщ. Хабзэхъумэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыну щIэхъуэпс щIалъэр Псыхуабэ дэт техникумым щIотIысхьэ, ауэ 1988 гъэм къулыкъу ищIэну дзэм дашащ.

ЩIыхьрэ щытхъурэ пылъу къэралым къалэныр хуищIэу къигъэзэжа нэужь, Дон Iус Ростов къалэм дэт, МВД-м и еджапIэ нэхъыщхьэм юристхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щIэтIысхьащ Тэтэркъаныр. ЕхъулIэныгъэфIхэр иIэу еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, щIалэщIэм и щIыналъэм къигъэзэжащ. Куэд дэмыкIыуи лэжьэн щыщIидзащ МВД-м Дзэлыкъуэ щIыналъэм щиIэ къудамэм.

Зи лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI, дэтхэнэ зы цIыхуми бгъэдыхьэкIэ хузиIэ, пэжыр зи гъуазэ щIалэр 2019 гъэ лъандэрэ районым и эксперт-криминалистикэ гупым и унафэщIу мэлажьэ. Зи лэжьыгъэкIэ куэдым гъуазэ яхуэхъу Гъумар зэпыу имыIэу и щIэныгъэм хегъахъуэ, Москва, Волгоград къалэхэм и зэфIэкIхэр нэхъ лъагэ щещI. Илъэс 37-рэ хъуауэ зи IэщIагъэм ирилажьэ адыгэлIым щытхъу, фIыщIэ псалъэ зэрыт тхылъхэр, медалхэр къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэхэщ, къэбгъэлъагъуэмэ, «За отличие в службе» медалыр щэнейрэ къызэрыратар.

Гъумар уепсэлъылIа нэужь, къыбгуроIуэ абы и IэщIагъэри зыпэрыт IэнатIэри гъуэщарэ щыуауэ къызэрыхимыхар. Куэд жызымыIэ, атIэми, зи дэтхэнэ псалъэхэми гупсысэ щIэлъ Гъумар хуабжьу дехьэх тхылъ гъэщIэгъуэнхэм. Абы зыпищI щыIэкъым адыгэ тхыдэм, лъэпкъ IуэрыIуатэм теухуа литературэ еджэныр.

Гъумар и щхьэгъусэ Щоджэн Жаннэ Нурхьэлий ипхъури Малкэщ къыщалъхуари къыщыхъуари. Иджыри пэщIэдзэ классхэм щыщIэсым щыгъуэ абы мурад ищIат егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтыну. Курыт еджапIэр къызэриухыу пщащэр щIэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ адыгэбзэмкIэ и къудамэм. Илъэситхукlэ абы щеджа, ехъулIэныгъэ инхэр иIэу ар къэзыуха Жаннэ Псынэдахэ дэт курыт еджапIэм илъэс куэдкIэ щригъэджащ урысыбзэмрэ литературэмрэ. Iуэху зехьэкIэфI зыбгъэдэлъ, къалэнхэр жэуаплыныгъэ хэлъу зэфIэзых Жаннэ ягъэуваууэ щытащ курыт школым и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу.

ЦIыхубзым мыбдежми фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъигъэлъэгъуащ. Куэд дэмыкIыу Щоджэныр ягъэуващ Дзэлыкъуэ курыт еджапIэм и унафэщIу. Жаннэ и пашэу щыту, а илъэсхэм хэпщIыкIыу зиужьащ а IуэхущIапIэм, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу. Школ унафэщI IэкIуэлъакIуэм хуабжьу къыхуэарэзыт егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, абыхэм я адэ-анэхэри.

Илъэсиблым щIигъукIэ а къалэныр къызыхуэтыншэу ирихьэкIауэ, Щоджэныр лэжьапIэ ирагъэблэгъащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм. Нобэ Жаннэ абы и методист нэхъыщхьэщ.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, егъэджэныгъэм и Iэмалы щIэхэм щыгъуазэ, егъэджакIуэхэм я чэнджэщэгъу, еджакIуэ цIыкIухэри гурэ псэкIэ зыбгъэдэт Жаннэ и лэжьыгъэфIым папщIэ мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр. Щоджэныр и щапхъэщ лэжьыгъэр сыт щыгъуи гупсэхуу зэфIэзых цIыхум.

Гъумаррэ Жаннэрэ зэдаухуа унагъуэр ягъэдахэ хъыджэбзитIым. Нэхъыжьыр щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ мэлажьэ, аспирантурэми щоджэ. Хъыджэбз нэхъыщIэр еджэныгъэ и лъэныкъуэкIэ куэдым ятекIуэ школакIуэщ. Гъэсэныгъэу зэшыпхъуитIым яхэлъым удамыхьэхыныр Iэмал зимыIэщ. Абыхэм я дахагъэр зыхэплъагъуэр я теплъэм и закъуэкъым, атIэ я цIыху хэтыкIэм, нэхъыжьым пщIэ зэрыхуащIым, нэхъыщIэм я дэIэпыкъуэгъуу зэрыщытым, щIэныгъэм и гъуэгум зэрытетми нэрылъагъу пщащI.

ГъащIэр цIыхум сыткIэ пэджэжрэ? УпщIэр гугъуми, жэуап зыгъуэтщ: цIыхум иIэн хуейщ унагъуэ, бын, фIыуэ илъагъу IэщIагъэрэ лэжьыгъэрэ. А фIыгъуэхэм щымыщIэ дэтхэнэри гъащIэм фIы куэдкIэ, дахагъэкIэ, гуапагъэкIэ пэджэжыфынущ. Апхуэдэщ зи гугъу фхуэсщIа унагъуэм исхэр: Гъумар унэр игумэ, Жаннэ жьэгур и псэщ, абыхэм я хъыджэбзитIыр унагъуэм, лъэпкъым я набдзэщ.

МАХУЭЛI Беслъэн.

Хъызыр и дерсыр

Еуэри щIалэ гуэр жыг лъабжьэм игу хэщIу щIэст. Асыхьэтым абы и пащхьэм хъэлат удзыфэ зыщыгъ дадэ жьакIэху къихутащ.

- Щхьэ утхьэусыхэрэ, Алыхьыр къэбгъэгубжьу? - къеупщIащ ар щIалэм.

- Дауэ сымытхьэусыхэнрэ? - магъ щIалэр. - Сшхынрэ сызэфэнрэ щызмыгъуэтыр нэхъыбэщ! Си унэр лъэбышэщ, си фэр ирищIэсхъумэну щыгъыным ещхь сиIэкъым. Хэт апхуэдэ щытыкIэм арэзы ищIынур?

- Хъунщ-тIэ, сэбэп сыпхуэхъунщ. Хъуэпсап Iэу щы пхуэзгъэзэщIэнщ. Ауэ илъэсым зэ фIэкIа укъызэлъэIу хъунукъым, - къыжриIащ Хъэлат удзыфэм.

Факъырэм абы жиIэр и фIэщ хъущакъым, ауэ «делэми губзыгъэми сызыхуейр къысхуищIэм сеплъынщ» жиIэри, къэпсэлъащ:

- Ахъшэрэ къулыкъурэ сыхуейщ!

ЩIалэр и къалэм мэкIуэжри, илъагъур сыт? Псори къыпежьауэ, сэрейм щIашэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, дунейм ехыжа я сультIаным уэсят къигъэнат япэу къахуэзэр езым и пIэкIэ тахътэм трагъэтIысхьэну.

Апхуэдэу илъэс макIуэ. СультIаныщIэр матхъэ. Ауэ етIуанэ хъуэпсапIэм и чэзур къыщысым, къонэщхъей, сэрейм къыщIокIри, лIыжьым щыхуэза жыгым деж макIуэ. Мори къоплъри, насыпыфIэу фэ теткъым щIалэм.

- Дауэ сызэрынасыпыфIэнур, - мэтхьэусыхэ ар аргуэру. - Дэтхэнэ зыри хьэзырщ си къулыкъум сыкъытридзыну. Зыми сыкъилъагъу хъуркъым. Псоми фIыуэ сыкъалъагъуу сыщI!

Арати, щIалэр и сэрейм зэрынэсыжу, псори къоубзэ, я фIэщыпэу фIыуэ къалъагъу хуэдэу защI, и ужьым иту къажыхь, зыхуейр къыхуащIэ. Апхуэдэрыххэу зы илъэс макIуэ. Аргуэрыжьти, ди сультIаныр гукъыдэжыншэщ.

- ПщIэ зыхуэсщI си ущиякIуэ! - гъуэгыу зыхуегъазэ абы и ныбжьэгъум. - Сэ къызгурыIуащ мылъкуми, къулыкъуми, лъагъуныгъэ фэрыщIми насыпыфIэ сызэрамыщIыр. Сэ езым адрейхэр фIыуэ слъагъуу сыщI!

Хъэлат удзыфэ зыщыгъ дадэр къопсалъэри жеIэ: «Иджыри къэс адрейхэр пхъуэжыну ухэтащ, иджы уэ езым зыпхъуэжыну ухуейщ. Ар апхуэдэу тыншкъым. УиIэ псори пфIэкIуэдынущ. Адрейхэр фIыуэ плъагъуу ухъун папщIэ, уэ езым пфIэлъапIэ псори уигу пыкIын хуейщ, уи мылъкум щыщIэдзауэ уи щхьэм нэс».

ЩIалэм и къалэм къигъэзэжа нэужь, цIыхухэм и щIыб къыхуагъазэу къилъэгъуащ. И уэзирым къулыкъур зыIэригъэхьат. И щхьэгъусэм и пэр иришэкIырт, мыр абы зэратемыкIуам щхьэкIэ. Уэрамым дэт сабийхэм мывэ кърадзу, ятIэ къраупцIу щIадзат. Ауэ щIалэм ахэр зыри къыфIэIуэхутэкъым, сыту жыпIэмэ, абы фIы къыхуэзыщIэри Iейуэ къыхущытхэри фIыуэ илъагъуу хъуат. Апхуэдэт Хъызыр Щэджащэм и дерсыр.

Накъыгъэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	03.25	04.57	12.13	16.06	19.10	20.50
2, щэбэт	03.24	04.56	12.13	16.06	19.11	20.51
3, тхьэмахуэ	03.22	04.54	12.13	16.07	19.12	20.52
4, блыщхьэ	03.20	04.53	12.13	16.07	19.14	20.54
5, гъубж	03.17	04.52	12.13	16.07	19.15	20.55
6, бэрэжьей	03.16	04.50	12.13	16.08	19.16	20.57
7, махуэку	03.15	04.49	12.13	16.08	19.17	20.59
8, мэрем	03.13	04.48	12.12	16.09	19.18	21.01
9, щэбэт	03.10	04.47	12.12	16.09	19.19	21.02
10, тхьэмахуэ	03.10	04.45	12.12	16.10	19.20	21.03
11, блыщхьэ	03.08	04.44	12.12	16.10	19.22	21.05
12, гъубж	03.06	04.43	12.12	16.10	19.23	21.06
13, бэрэжьей	03.05	04.42	12.12	16.10	19.24	21.07
14, махуэку	03.03	04.41	12.12	16.11	19.25	21.08
15, мэрем	03.02	04.40	12.12	16.11	19.26	21.09
16, щэбэт	03.01	04.39	12.12	16.11	19.27	21.10
17, тхьэмахуэ	02.59	04.38	12.12	16.12	19.28	21.11
18, блыщхьэ	02.57	04.37	12.13	16.12	19.29	21.12
19, гъубж	02.56	04.36	12.13	16.12	19.30	21.13
20, бэрэжьей	02.55	04.35	12.13	16.13	19.31	21.14
21, махуэку	02.53	04.34	12.13	16.13	19.32	21.15
22, мэрем	02.52	04.33	12.13	16.13	19.33	21.16
23, щэбэт	02.52	04.33	12.13	16.14	19.34	21.17
24, тхьэмахуэ	02.49	04.32	12.13	16.14	19.35	21.18
25, блыщхьэ	02.48	04.31	12.13	16.14	19.36	21.19
26, гъубж	02.47	04.30	12.13	16.15	19.37	21.20
27, бэрэжьей	02.47	04.30	12.13	16.15	19.38	21.21
28, махуэку	02.45	04.29	12.14	16.15	19.39	21.22
29, мэрем	02.44	04.28	12.14	16.16	19.40	21.23
30, щэбэт	02.43	04.28	12.14	16.16	19.41	21.25
31, тхьэмахуэ	02.41	04.27	12.14	16.16	19.41	21.25

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

Студентхэр туризмэм драгъэхьэх

«Кавказ. РФ» корпорацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Дэфтэрым къыщыгъэлъэгъуащ КъБКъУ-р къэзыухахэр лэжьыгъэм зэрыхуагъэхьэзырым, стажировкэ зэрагъакIуэм, иужькIэ лэжьапIэ увыным кIэ сэбэп зэрыхъум ехьэлIа Iэмалхэмрэ мурадхэмрэ. ЗэIущIэм ирагъэблэгъат республикэ университетыр мы гъэм къэзыух щIалэгъуалэри.

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ къегъэув унэтIыныгъиплIкIэ IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырынымкIэ зэдэлэжьэныр: туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ, хьэщIэщ Iуэхур, курортхэр цифровизацэ щIынымкIэ IT-технологиехэр, менеджментымрэ экономикэмрэ.

- «Кавказ.РФ»-р зыужьыныгъэмкIэ институт телъыджэщ, абы и къалэн нэхъыщхьэр щIыналъэхэр нэхъри езыгъэфIэкIуэну щIыкIэхэмрэ Iэмалхэмрэ къахузэгъэпэщынырщ. «Iуащхьэмахуэ», «Архъыз», «Мамисон», «Ведучи» бгы-лыжэ курортхэмрэ Каспий кластерымрэ щылэжьэн еджапIэр къэзыуххэм яхэтрэ-яхэмытрэ, абыхэм тегъэщIапIэ ящIхэр тфIэгъэщIэгъуэнщ, - къыхигъэщащ «Кавказ. РФ» АО-м IэщIагъэлIхэм ядэлэжьэнымкIэ и департаментым и унафэщI Бородихинэ Светланэ.

КъБКъУ-м IэнатIэм зегъэужьынымкIэ и управленэм и унафэщI Куэцэ Ратмир къыхигъэщхьэхукIащ лэжьапIэ зытхэм университетыр зэрадэлажьэм сэбэпынагъышхуэ къызэрыпэкIуэр, ар къэзыухэм лэжьапIэ къалъыхъуэныр псынщIэ зэращищIыр, щIэдзапIэфIу зэрыщытыр.

- «Кавказ.РФ»-м ди студентхэм Iэмал къаритынущ я гъуэгум тыншу теувэну, хашыну. Уеблэмэ, зэреджэм хуэдэурэ студентхэм IэщIагъэм зыхагъэгъуэзэфынущ, IэнатIэфIхэм стажировкэ щрагъэкIуэкIыфынущ, къыщаухкIи къыхуагъэлъагъуэхэм хэплъэфынущ. «Дипломыр сиIэщ - адэкIэ сыт?» – хэплъэгъуэр щхьэщокI студентым. Иджы ди еджапIэр къэзыуххэм къапэплъэу, абыхэм къелIэлIэну хьэзыру IэнатIэ зыт лэжьэгъухэр диIэщ, - жиIащ Куэцэм.

Зэхыхьэм хэтащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и турист IэнатIэм Кадр Iуэхум зегъэужьынымкIэ и ассоциацэм и генеральнэ унафэщI Атаев Вячеслав. Абы къыхигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм и турист IэнатIэр лэжьакIуэ хэхахэм зэрахуэныкъуэр - сервис IэщIагъэлIхэм къыщыщIэдзауэ IT-аналитикхэм нэс.

«Дэ ди къалэныр КъБР-м щыщ студентым и къэкIуэнур щалъхуа республикэм щилъагъуу Iэмал къыхузэдгъэпэщынырщ. Ассоциацэр егъэджэныгъэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ зэкъуэзыгъэувэ Iэмэпсымэщ», - жиIащ Атаевым.

А махуэм студентхэм анкетэхэр ирагъэтхащ «Кавказ.РФ» АО-мрэ Ассоциацэм хэт IуэхущIапIэхэмрэ я лэжьакIуэхэм я резервым яхэхуэн папщIэ. Нэхъ жыджэру зэуэщIэм хэлэжьыхьахэм Москва дэт компанием ирагъэкIуэнущ проектхэм Iуэху щащIэну къызэрагъэгупсысаэ къалэ эхэщ.

ДАРИЙ Дахэнур.

«Сыринэм» дызыщIигъэдэIур

«Сыринэ» щIалэгъуалэ театрым мы махуэхэм «Къуажэ» зи фIэщыгъэ спектаклыщIэр япэу утыку къыщрихьащ Кэнжэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэмрэ Налшык къалэм и Концерт гъэлъэгъуапIэмрэ.

«Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и гукъэкIкIэ 2020 гъэм къэунэхуащ япэ щIалэгъуалэ театр-студие «Сыринэр». Ар зэрызэхашэрэ илъэситху зэрырикъур ягъэлъэпIауэ щытащ гъэ блэкIам и жэпуэгъуэ мазэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, «Сыринэ» щIалэгъуалэ театрыр Москва Эсамбаев Мыхьмуд и цIэр зезыхьэу щыIэ зыгъэпсэхупIэм (пансионатым) илъэс 30-м щIигъуауэ щрагъэкIуэкI «Театральная завалинкэ» фестиваль-зэпеуэм хэтащ, япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщауи къагъэзэжат. ИужькIэ Къэрэшей-Шэрджэсми зыкъыщагъэлъэгъуащ. КIэлъыкIуэу, зи гугъу тщIы театрыр нэгъабэ накъыгъэ мазэм Тыркум ирагъэблагъэри, абы и къэлащхьэ Анкара щызэхаша фестивалышхуэми хэтащ. Ди лъэпкъэгъухэр нэхъыбэу зыдэс Къайсэр къалэми зыкъыщагъэлъэгъуащ. Ди республикэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэми щыIащ. «Сыринэм» игъэува спектаклиплIым ящыщу щыр зытхар «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакIуэ, тхакIуэ, драматург Къаныкъуэ Заринэщ. Иджы ягъэлъэгъуа «Къуажэ» спектаклыр къытращIыкIащ драматург Аброкъуэ Аслъэн и пьесэм, режиссёрыр, художественнэ унафэщIыр Къанкъул Ислъамщ, «Сыринэ» театр-студием и унафэщIыр Гугъуэтыж Ахьмэдщ, хореографыр Къущхьэ Iэсиятщ, декорацэм елэжьар Чылар Бэярщ, макъамэр къахухэзыхар Щоджэн Андемыркъанщ.

Театрым хэт ныбжьыщIэхэм я цIэ-унэцIэхэми фыщызгъэгъуэзэнщ: Чып Темболэт, Мер Iэдисэ, Нэзрэн Самирэ, Ашэбокъуэ Мадинэ, Гумэ Камилэ, Быдэ Гуащэхъан, Гумэ Алинэ, Пекъу Къантемыр, Шэшэн Нарсанэ, Битохъу Аделинэ, Мэкъуауэ Ельдар, Иуан Илонэ, Къэзэн Идар.

Зэхыхьэм хэтащ щIалэгъуалэм я гъуэгугъэлъагъуэ, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и къызэгъэпэщакIуэ нэхъыщхьэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хъурей Феликс, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и профессор, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ щIыхь зиIэ я артист Балъкъэр Тамарэ, «Сыринэ» тетрым и къызэгъэпэщакIуэ, тхакIуэ, егъэджакIуэ ХьэцIыкIу Рае, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ «Адыгэбзэ» хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Табыщ Мурат, ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ центрым и унафэщI Езауэ Мадинэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ Аброкъуэ Беллэ, сытым дежи театрым зыкъыщIэзыгъакъуэхэу Аскэр Атиллэ, Шыкъ Хъусни, Къып Гупсэ, курыт еджапIэхэм щIэс цIыкIухэмрэ я гъэсакIуэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэхэм ящыщхэр, Налшык къалэм дэт колледжхэм щIэс ныбжьыщIэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. ЖыпIэнурамэ, Концерт гъэлъэгъуапIэм цIыхур щIэзт.

Кэнжэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм спектаклым щеплъа ныбжьыщIэхэм ящыщ гуэрхэм Концерт гъэлъэгъуапIэм сащыхуэзам, гуапэ сщыхъуащ щIалэгъуалэр мы Iуэхум зэрыдихьэхыр.

Иджы кIэщIу фыщызгъэгъуэзэнщ спектаклыр зытеухуам.

ЗэщхьэгъуситIым зы хъыджэбз яIэщ: адэр щIэныгъэ лэжьыгъэм дихьэхыпа цIыхущи, и нэм зыри илъагъуркъым; анэм и нэр мылъкум къыщхьэрипхъуащи, сабии балигъи къыфIэIуэхукъым. Абы я зэхуакум ныбжьыщIэр докIуадэ. Адэ-анэм я псалъэ IэфI, я чэнджэщ хуэныкъуэ сабийр сымаджэ мэхъу. Школым кIуа хъыджэбз цIыкIур къытохуэри, сымаджэщым яшэ. Ар зэхэзыха адэ-анэр щIэх дыдэу кIэлъос быным. Арщхьэкlэ, гур хэзыгъэщI хъыбарщ дохутырым къажриIэр. «Фи пхъур сымаджэ дыдэщ, «аневризмэ»-кIэ, зэджэ узыфэр къоуз. Сэ хэIэбэ хъунукъыми, зыри хуэтщIэфынукъым». «Дапщэ текIуадэми содэ, си пхъур здэсшэнур къызжеIэ закъуэ», - жеIэ анэм. Дохутырым зыри сэбэп къызэрыхуэмыхъунур аргуэру къыжреIэ. Ауэ анэр хъийм икIащи, бэяужыркъым, псэлъапIэ дохутырми адэми яритыркъым. «Зэ догуэ, цIыхубз, сэракъым фи пхъур сымаджэ зыщIар, фэращ, узыр къызыхэкIар зэгуэпщ, ишхми куэд елъытащ. Абы и хущхъуэр зыщ: ерыскъы тэмэм евгъэшх, и гум ежэлIэн псалъэ зыхевмыгъэх, жьы къабзэм куэдрэ хэвгъэт!», къыжреIэ дохутырым. «Дэ дызэбгъэдэсыжамэ, ди пхъум зыри къыщыщIынутэкъым, уэращ псори зи лажьэр», - и щхьэгъусэм хуогубжь, хъыджэбз цIыкIум и анэр.

Адэм и унафэкIэ пщащэ цIыкIур къуажэм яшэж, адэшхуэ-анэшхуэм я деж, икIи абы дэт курыт еджапIэм щIагъэтIысхьэ. Абы школыр къиухыным къыхуэнэжар илъэс ныкъуэт. Анэшхуэм унагъуэ ерыскъы ипщэфIыр имышхыфу, школ зыщIэтIысхьэм зыхагъэтIысхьа классым яхэмызэгъащэу, зыкъомрэ ныбжьыщIэр гугъу йохь. Ауэ узэмысэн щыIэ?! Хъыджэбз гумахэпсэ щабэ цIыкIур адэшхуэ-анэшхуэм я псалъэ дахэм дофIэрафIэ, добжьыфIэ. ИгъащIэм имыщIа Iуэхухэри нэхъыжьхэм ядищIэурэ йосэ, адыгэ шхыныгъуэхэр зыIузымылъхьэу щытам фIэIэфIыпс мэхъу, «зи гугъу фщIы адыгэ хабзэр щыIэкъым» жызыIарауэ умыщIэжыну, хабзэмрэ бзэмрэ игъэнэхъапэу щIедзэ. Апхуэдэу хъыджэбз цIыкIум къуажэм зыщехъуэж. Махуэ къэс псалъэ дахэ зэхихым ныбжьыщIэр догъагъэ. КъыдеджэцIыкIухэри ныбжьэгъу пэж къыхуохъу, и егъэджакIуэми сыт ищIыскIи зыкъыщIегъакъуэ.

А псор зи фIыщIэр анэшхуэ-адэшхуэм я лъагъуныгъэрауэ къелъытэ пщащэ цIыкIум. Япэм къалэр нэхъ игъэнэхъапэу щытамэ, иджы къуажэр зыпищI щыIэкъым.

Зы махуэ гуэрым хъыджэбз цIыкIур плъыр-жьэр хъуауэ яшэ сымаджэщым, абдежым наIуэ къыщохъу пщащэм и узыфэр зэрыщхьэщыкIар. НыбжьыщIэм и узыр къэзыхутауэ щыта дохутырым зэригъэщIэгъуэнур ищIэркъым, «Илъэс куэд щIауэ дохутыр IэщIагъэм сролажьэри, мыпхуэдэ срихьэлIакъым, фи пхъум и узыр кIуэдащ. Анализ къеIытхам къигъэлъэгъуащ псори къабзэу, зыри къемыузыжу. Сыт ефщIар узыфэм?». «Зыри! Къуажэм сшэжри си адэ-анэм я деж щызгъэIащ», - жеIэ адэм. Хъыджэбз цIыкIум и узыфэр имыщIэ я гугъэу яшэжауэ арат къуажэм. Арщхьэкlэ, зэрымыщIэкIэ зэхихауэ къыщIэкIат. «Мамэ, папэ, сэ псори сщIэрт, ауэ зыкъывэзмыгъэщIауэ аращ. Сысымэджэну фыхуэмеймэ, фызэбгъэдыхьэжи япэм дызэрыпсэуам хуэдэу дызэгурыIуэу дыздэвгъэпсэу!». Арат пщащэ цIыкIур зыщIэлъэIур.

Адэ-анэр щызэгурымыIуэм и деж гугъу ехьыр быныращ. Девгъэгупсысыт а сабийм и псэм бэлыхьу телъым. «Сыт псом нэхъапэр?!» «ЗэгурыIуэщ!», - жиIащ пасэрейм. Абы нэхъыфI сыт щыIэ?! Аращ мы спектаклым гупсысэ нэхъыщхьэу щIэлъыр. Мылъкури былымри уэсэпсщ, узыншагъэрэ зэгурыIуэрэ унагъуэм имылъмэ.

Мы спектаклым нэгъуэщI и зы теплъэгъуэми уи гур егъэхыщIэ, уи нэпсыр кърегъакIуэ: хъыджэбз цIыкIур зыхэтIысхьэжа классым щIэсщ зи адэ-анэр зыфIэкIуэда ныбжьыщIэ. Абы школыр къиухмэ, и къуэш цIыкIуитIым папщIэ къуажэм къыдэнэнущ, еджапIэ мыкIуэу. ЩIалэщIэм хъыджэбз цIыкIум къыжреIэ: «Дапхуэдэу щытми, уи адэ-анэр, анэшхуэ-адэшхуэр уиIэщ, ар куэд и уасэщ, Тхьэм фIыщIэ хуэщI». А псалъэхэм пщащэр нэхъ гумэщIэж ящI...

Спектаклым щыджэгуа ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм гугъу зыкъыдезыгъэхьхэмрэ фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ Хъурей Феликс:

- ИкъукIэ гум дыхьэу, дахэу дэтхэнэ зыми зыкъэвгъэлъэгъуащ. Фэ фызыгъэса фи адэ-анэхэми фIыщIэ яхузощI. Щапхъэ зытрахым фыхуэдэщ. КъинэмыщIауэ, фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ и зэман емыблэжу щIалэгъуалэм ядэлажьэ режиссёр Iэзэ Къанкъул Ислъам. Адрейуэ, ныбжьыщIэхэр утыкум зэпэщу къихьэн папщIэ зыхуейзыхуэфIкIэ къызэзыгъэпэщхэм, закъыщIэзыгъакъуэхэм. Дэ нэхъыжьхэм ди къалэн нэхъыщхьэщ, ижь-ижьыж лъандэрэ къыддэгъуэгурыкIуэ ди бзэмрэ хабзэмрэ щIалэгъуалэм яхэтпщэныр, лIэщIыгъуэ куэдым къыкIуэцIраха а «Iэщэ» телъыджэр мыкIуэдыжу зетхьэныр, - жиIащ нэхъыжьыфIым.

Спектаклым еплъу пэшым щIэсхэм сакIэлъыплъырти, нэфIэгуфIэт, ялъагъур ягу зэрыдыхьэр къапщIэу. Языныкъуэхэм дежи я нэпсхэр щыщIалъэщIыкIи къэхъурт, гъащIэм и пэжыпIэт зэхахри.

Иджырей зэщхьэгъусэхэм, ныбжьыщIэхэм дерс къызыхах хъун Iуэхугъуэ куэд спектаклым къызэрыщыIэтар жаIащ къызэхуэсахэм ящыщ нэхъыжьхэм. Ар къэлъытауэ, сыту фIыт спектаклыр къуажэхэм щагъэлъэгъуамэ.

Си гуапэ хъуащ спектаклым щыджэгуа ныбжьыщIэхэмрэ, абыхэм я лэжьыгъэм еплъахэмрэ иужькIэ зэрызэпсэлъари къаIэта Iуэхум теухуауэ. Артист ныбжьыщIэхэм упщIэхэм жэуап зэрырата адыгэбзэ къабзэр узыгъэгуфIэт.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Раисэ** *ейщ.*

Насыпыншагъэм и лъэужьыр зыгъэкIуэдыжахэр

КъБР-м и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм мэлыжьыхьым и 24-м Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэм и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэр щызэхуэсат Чернобыль атом электростанц къэуам и лъэужьыр гъэкIуэдыным я гъащIи узыншагъи емыблэжу хэта ди лъахэгъухэм я фэеплъу.

УКРАИНЭМ и Припять къалэм пэгъунэгъуу щыIэ Чернобыль атом электростанцым 1986 гъэм мэлыжьыхьым и 26-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм хуэдэ щымыIауэ къалъытат. Мы махуэр ягъэлъапIэркъым, атIэ лIыгъэ зезыхьахэм фIыщIэ хуащI, АЭС-м къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкIуэдахэр зыщагъэгъупщэркъым, абы и лъэужьыр зыгъэкIуэдыжахэм ящыщу къахэмытыжхэр ягу къагъэкIыж.

- Илъэс 40-кIэ узэIэбэкIыжмэ къэхъуа гузэвэгъуэм и лъэужьыр иджыри гъущакъым. Ди щIыналъэм и цIыху щэ бжыгъэхэр я гъащIэрэ узыншагъэрэ емыблэжу хэтащ насыпыншагъэм кърикIуахэр гъэкIуэдыжыным. А къэхъугъэм и тхыдэр куэдрэ дджащ икIи зи псэ емыблэжу щIэблэм гъащIэ узыншэ яIэным къыщхьэщыжа, дэIэпыкъуэгъу хъуа ди нэхъыжьыфIхэм ди щхьэр яхудогъэщхъ. Мэлыжьыхьым и 26-м дигу къыдогъэкIыж щыуагъэхэм я уасэр зэрылъапIэр, дунейр тхъумэнымкIэ дэтхэнэми тхьы жэуаплыныгъэр. ЛIыгъэшхуэ зезыхьахэр фытщыгъупщэркъым, узыншагъэ быдэ, гукъыдэж, насып фыщымыщIэну дыхуейщ! - жиIащ Урысей МЧС-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ Хьэщхъуэжь Ельдар.

Хьэщхъуэжьым ди лъахэгъухэм фIыщIэ яхуищIащ икIи абыхэм хуагъэфэща щIыхь тхылъхэр яритыжащ.

КъБР-м граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Гергоков Жамболэт Чернобыль АЭС-м къыщыхъуа гузэвэгъуэм и лъэужьыр зыгъэкIуэдыжа ди хэкуэгъухэм фIыщIэ яхуищIащ лIыгъэу зэрахьам папщIэ. Абы жиIащ зэманыр кIуэтэху нэхъри зэрызэхищIэнур нэхъыжьхэм яхузэфIэкIар, цIыху мелуанхэм я гъащIэр яхъумэным теухуауэ. Гергоков Жамболэт зи лIыкIуэ министерствэм и щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр зыхуагъэфэщахэм яритыжащ.

Пшыхьым щагъэлъэпIа нэхъыжьыфIхэм ягу къагъэкIыжащ я Iыхьлыхэм, благъэхэм, щIэблэм папщIэ я псэ емыблэжу мы гузэвэгъуэм зэрыхэтар, абыхэм фIыщIэ хуащIащ зэхыхьэр къызэзыгъэпэщахэмрэ ар зыгъэдэха артистхэмрэ.

ЗэIущIэм зыкърагъэхьэлIат республикэм и унафэщIхэм ящыщхэм, Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэм и щIыналъэ къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмрэ, Чернобыль атом электростанцыр къыщыуам абы щылэжьахэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ящыщхэр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

• Пщэдей Къафэм и дунейпсо махуэщ

Бзэ хуэмыныкъуэ гъуазджэ

Псалъэншэу цIыхухэр зэрызэпсэлъэф, гуапагъэр, дахагъэр, уеблэмэ псэм и щытыкIэр наIуэу уи нэгу къыщIэзыгъэхьэн зыхузэфIэкI гъуазджэ лIэужьыгъуэщ къафэр. Абы мыхьэнэшхуэ щиIэщ цIыхум и гъащIэм икIи зы гуфIэгъуэ зэхыхьи арыншауэ нэгум къыпхущIэгъэхьэркъым. Къафэм хухэха махуэ зэрыщыIэри гухэхъуэщ, ар илъэс къэс мэлыжьыхьым и 29-м лъэпкъ куэдым зэдагъэлъапIэ. А махуэр къыхэзыгъэщхьэхукIар къэфакIуэ икIи егъэджакIуэ Гусев Пётрщ.

ФРАНДЖЫ балетмейстер, хореограф, балет къафэ лIэужьыгъуэр кууэ зыджа, «иджырей балетым и адэ» зыхужаIэгъа Новерр Жан-Жорж къыщалъхуа махуэм теухуэу, 1982 гъэм ЮНЕСКО-м Дунейпсо къафэмкIэ и советым и жэрдэмкIэ ягъэуващ махуэщIыр. Къыхэдгъэщынщи, Новерр зи гъэсэныр балетмейстер цIэрыIуэ Дюпре Луищ, Лондон и «Друри-Лейн» театрым и труппэм и къэфакIуэу, иужькIэ абы и унафэщIу щытащ. Зэман куэдкIэ балетыр щытащ оперэ спектаклым и зы Iыхьэу. Новеррщ япэ дыдэу къафэр спектакль щхьэхуэу гъэувын щIэзыдзар. Апхуэдэуи абы къыхилъхьащ пируэтхэр зыхуей хуэзэу ягъэзэщIэным зэран хуэхъу щыгъын хьэлъэхэмрэ нэкIуIулъхьэхэмрэ къэфакIуэхэм къамыгъэсэбэпыну. 1759 гъэм дунейм къытехьащ балет-пьесэм теухуа куэд къыщызэщIикъуа «Письма о танце и балетах» тхылъыр. Хьэлэмэтт абы езым и къафэхэмрэ и нэкIур абыхэм зэрыдищIымрэ укIэлъыплъыну.

Махуэшхуэм и къалэн нэхъыщхьэр политикэ, щэнхабзэ, лъэпкъ гъунапкъэхэр къызэнэкIауэ къафэр зи лэжьыгъэхэмрэ абы дихьэххэмрэ зэшэлIэнырщ, а гъуазджэм и лIэужьыгъуэу щыIэхэр къызэщIэгъэуIуэнырщ, IэщIагъэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэм къафэм и бзэкIэ адрейхэр щыгъуазэ щIынырщ, дахагъэм и шэсыпIэу къэплъытэми ущымыуэну гъуазджэр нэхъыбэм Iэпэгъу яхуэщIынырщ. Абы ирихьэлIэу актёрхэм спетаклхэр ягъэув, фестивалхэр, дерс зэIухахэр, пшыхьхэр, онлайн зэIущIэхэр къызэрагъэпэщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Къафэм и махуэм теухуауэ щытащ мэлыжьыхьым и 26-м Тверь щекIуэкIа концертышхуэр. Бадзэуэгъуэм и 14-19 махуэхэм Испанием и Сан-Себастьян къалэм щызэхэтынущ къафэмкIэ зэпеуэшхуэм и кIэух Iыхьэр. А мазэм и 8-18 махуэхэм Дублин (Ирландие) щыIэнущ къафэмкIэ дунейпсо чемпионат. Ар къыпхуебжэкIынум и зы мащIэщ, ди къэралми абы и щIыналъэ щхьэхуэхэми Iуэхур IэпэдэгъэлэлIщIынукъым, щIэблэм и псэр дэзыхьэх, гъэсэныгъэ хэзылъхьэ, гуапагъэ и гум къыщызыгъэуш гуэрщи.

Иджыри зы хабзэфI епхащ махуэщIыр зэрагъэлъапIэм. Къафэм и дунейм щыцIэрыIуэ зы цIыхум захуегъэазэ ар зи IэщIагъэхэми фIыуэ зылъагъухэми. Япэу апхуэдэ тхыгъэ 1982 гъэм къеджэр балетым и артист Нойбауэр Хенрикщ. Абы къыкIэлъыкIуащ хореографхэу, къэфакIуэхэу, балеринэхэу Григорович Юрэ, Джоффри Роберт, Марэн Мэги, Бежар Морис, буто къафэ лIэужьыгъуэм и лъабжьэр зыгъэтIылъауэ щытахэм ящыщ Оно Кадзуо, Каннингем Мерс, импровизацэ Iэмалыр къэзыгупсыса Форсайт Уильям, Данэм Кэтрин, Плисецкая Майе, Лопаткинэ Ульянэ сымэ я псалъэ.

Мэлыжьыхьым и 29-м ирихьэлIэу, дамыгъэ лъапIэхэмрэ саугъэтхэмрэ ират зи лэжьыгъэкIэ къыхэщахэм. Урысейм и «Душа танца» балет саугъэт закъуэр зыхуагъэфэщахэм щыIэрагъэхьэжри а махуэращ. Ар 1994 гъэм ягъэуващ «Балет» журналымрэ Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министертвэмрэ.

1991 гъэм щегъэжьауэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI балетымкIэ «Бенуа танца» фестивалыр, Къафэм и лэжьакIуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщар. Абы щытекIуахэр япэу щагъэлъэпIар икIи гала-концертыр щекIуэкIар 1992 гъэращ, Москва и Театр Иным и утыкум.

Гъуазджэм и Iэмал нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ къафэр. Уи псэм и щытыкIэр къигъэлъагъуэ къудейкъым абы, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къадекIуэкI хабзэхэм ящыщхэр уи нэгум къыщIегъэувэ, мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъэ псори къафэкIэ ягъэлъапIэ. Лъэпкъ къэс иIэщ и къафэ хабзэхэр.

Дэтхэнэ зы къафэ лIэужьыгъуэми, ар классикэ лъэпкъ къэфэкIэ ирехъу, уэрамым щагъэзащIэуи щрети, хэлъщ цIыхухэр зэпэгъунэгъу зыщI гуэр. АтIэ мис а зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ хъуну, зым хэмылъыр адрейм къыхэдгъуатэу щIэблэр зэрыдгъэсэн дахагъэ мыкIуэщI абыхэм къапэкIуэну!

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*

Концертым фрагъэблагъэ

КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым мэлыжьыхьым и 30-м концерт щитынущ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Нартан къуажэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Вагъуэ цIыкIухэр» сабий ансамблым (художественнэ унафэщIыр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Эдуардщ). Ар къызэрагъэпэщ Къафэм и дунейпсо махуэмрэ УФ-м и Президент Путин Владимир 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу зэригъэувамрэ я щIыхькIэ.

ЩIЫНАЛЪЭ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу адрейхэм щефIэкIа, псапэ зыпылъ Iуэхухэмкlи жыджэр «Вагъуэ цIыкIухэр» ансамблым и концертым лъэпкъ къафэ лIэужьыгъуэхэр (къафэ, удж хэш, удж пыху, зэныбжьэгъуищым я къафэр, мэлыхъуэ къафэр, убых лъапэрышэ, ислъэмей, нэгъуэщIхэри) щагъэзэщIэнущ, адыгэ къафэ гъуазджэм и дахагъэр, и мыхьэнэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхэмрэ къафэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэмрэ ягъэлъагъуэу. Къафэм къищынэмыщIауэ, гупым хэт ныбжьыщIэхэр пшынэмрэ бэрэбанымри хуэIэзэщ. «Вагъуэ цIыкIухэм» пшыхьыр дигъэдэхэнущ Прохладнэ къалэм щапхъэу къалъыта и «Ассорти» къэфакIуэ ансамблым.

БЖЬЫХЬЭ Розэ.

ЩIыпIэхэр ягъэбелджылы

«Къалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэн» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ мы гъэм екIуэкIыну урысейпсо интернет IэIэтым хагъэтыну я мураду, цIыхухэр куэду щызэхуэс щIыпIэу ди республикэм зэIузэпэщ щащIынухэм ящыщу япэ ирагъэщыну 25-р иджыблагъэ наIуэ къищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствмкIэ и министерствэм. ПэхуэщIэхэр гъэзэщIэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр 2027 гъэм зэхаублэнущ, зэхьэзэхуэм щытекIуахэр дызэрыт илъэсым ягъэбелджылынущ.

Республикэм цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу зэIузэпэщ ящIыну къагъэлъэгъуахэм Налшык, Май, Прохладнэ къалэхэм я щIырыщ, Тэрч, Шэджэм, Тырныауз, Бахъсэн, Нарткъалэ къалэхэм, Дзэлыкъуэкъуажэ, Къэщкъэтау, Бахъсэнёнкэ къуажэхэм я тIурытI хэтщ. ЦIыхухэм езыхэм къыхахыжынущ абыхэм ящыщу япэ игъэщыпхъэхэр, щыжаIащ министерствэм.

Мыдрейуэ, япэм хъыбар зэрыщыIамкIэ, 2026 гъэм республикэм зэIузэпэщ щащIынущ цIыхухэр куэду щызэхуэс и щIыпIэу 8. Псори зэхэту абыхэм трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 500-м щIигъу. Псалъэм къыдэкIуэу, Налшык къалэм къыщызэIуахынущ хьэуам хэт музей, Бахъсэнрэ Тырныаузрэ я лъэс лъагъуэхэр, Прохладнэм и Парк Ипщэр зыхуей щыхуагъэзэнущ.

БОЛЭТ Былэ.

НыбжьыщIэхэм япэлъэщакъым

«Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. Мэлыжьыхьым и 26-м. ЦIыхуи 154-рэ еплъащ.

Судьяхэр Матвеев (Иванов), Сажин, Попов (тIури Санкт-Петербург щыщщ).

«Динамо-2»: Зайнутдинов, Седрединов (Агаларов, 46), Шихалиев, Ильясов, Агабеков, Гюльмагомедов (Гокгозов, 46), Будайханов, Алиев Д. (Сулейманов, 67), Ляшов (Ашуров, 67), Буданов, Магомедов (Алиев Р., 8I).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Гирзишев, Балъкъыз, КIэдыкIуей, Пириев, Урыс (Хьэшыр, 46), Гъуэгузокъуэ, Блий, ХьэцIыкIу (Пекъу, 77), Сарбашев (Лысенкэ, 57), Ибрагимов.

Топхэр дагъэкIащ: Пириевым, 28 (0:1). Будуновым, 81-пенальтикIэ (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: КIэдыкIуейм, Пириевым, Шихалиевым, Гъуэгузокъуэм, Балъкъызым.

«Спартак-Налшыкым» нэгъабэ икъукIэ къемыхъулIа Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм абы тIэунейрэ щыхигъэщIауэ хэтар Мэхъэчкъалэ и «Динамо-2» щIалэгъуалэ гупращ. Джэгугъуэ еплIанэм ипкъ иткIэ Налшык къэкIуа Донецк и «Шахтёр»-р къытекIуа иужькIэ щытыкIэ гугъум ихуа ди щIалэхэм Iэмал хъарзынэ яIэт я Iуэхур ирагъэфIэкIуэжыну. АбыкIэ хьэрхуэрэгъу тыншу къытщыхъурт пэщIэдзэ зэIущIиплIым щэнейрэ зэфIахьа мэхъэчкъалэдэсхэр. Пэжщ, иужь джэгугъуэм абыхэм хуабжьу хагъэзыхьат зэхьэзэхуэм бжьыпэр щIызыIыгъ «Севастополь»-р, ауэ икIэм-икIэжым зы топкIэ къапикIуэтын хуей хъуат.

Налшыкдэсхэм хуабжьу жыджэру ирагъэжьащ зэIущIэр икIи хэгъэрей ныбжьыщIэхэр я гъуэм ирагулIэжащ. «Динамо-2» и футболистхэм къаруушхуэ трагъэкIуэдэн хуей хъурт зыхъумэжыныгъэм. АрщхьэкIэ зэрахузэфэкIар сыхьэт ныкъуэ иримыкъущ. 28-нэ дакъикъэм Пириев Магомед «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ.

Къыпщыхьунут адэкIэ ди щIалэхэм гугъу зрамыгъэхьыщэми текIуэныгъэр зыIэщIамыгъэкIыну. Ар икIи пэжынут, къапэщытхэр зэрыныбжьыщIэ защIэр къэплъытэмэ. Апхуэдэу егупсысауэ къыщIэкIынущ езы футболистхэри.

Хуэм-хуэмурэ «Динамо-2»-м тепщэныгъэр джэгупIэ губгъуэм щиубыдащ. Налшыкдэсхэм ар къафIэIуэхущэу фэ теттэкъым, я IэзагъымкIэ текIуэныгъэр къахуэзыхь бжыгъэр яхъумэфыну зэрыщыгугъыр я напщIэм телъти.

Джэгур икIэм нэблэгъэхукIэ хэгъэрейхэм я ерыщагъыр нэхъ лъэщ хъурт. ИкIи 81-нэ дакъикъэм абы ехъулIэныгъэ къахуихьащ: я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зыр «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я гъуэм пэмыжьыжьэу къызэпаудащ, футбол хабзэм къемызэгъыу. Судьям метр пщыкIузым и деж напIэзыпIэм игълъэгъуащ. Пенальтир Iэзэу игъэзэщIащ Будуновым икIи хэгъэрейхэм зы очко къахуригъэлащ. Ди щIалэхэм, аргуэрыжьти, текIуэныгъэр зыIэщIагъэкIащ, турнир таблицэми къыщекIуэтэхащ.

Зэхьэзэхуэм япэ хэщIыныгъэ щигъуэтащ пэщIэдзэ джэгугъуиплIми и хьэрхуэрэгъу псори щыхэзыгъэщIа «Севастополь»-м. Донецк и «Шахтёр»-мрэ абырэ зэрытемыгъэкIуауэ зэбгъэдэкIыжащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **1:0**, **«Заря»** (Луганск) - **«Кызылташ»** (Кърым) - **0:0**, **«Астрахань»** (Астрахань) - **«Нарт»** (Черкесск) - **1:1**, **«Нефтяник»** (Избербаш) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **1:0**, **«Чайка-М»** (Песчанокопскэ) - ПСК (Первореченскэ) - **0:3**, **«Шахтёр»** (Донецк) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **0:0**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Накъыгъэм (майм) и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм абы къыщригъэблэгъэнущ Избербаш и «Нефтяник»-р.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Севастополь»**	**5**	**4**	**1**	**0**	**11-3**	**13**
2.	**ПСК**	**5**	**4**	**0**	**1**	**11-6**	**12**
3.	**«Кызылташ»**	**5**	**3**	**2**	**0**	**6-0**	**11**
4.	«Шахтёр»	5	3	1	1	4-1	10
5.	«Ростов-2»	5	3	0	2	8-5	9
6.	«Ангушт»	5	3	0	2	3-2	9
7.	«Нарт»	5	2	2	1	7-2	8
8.	«Спартак-Налшык»	5	2	2	1	8-4	7
9.	«Дружба»	5	2	1	2	5-6	7
10.	«Нефтяник»	5	2	0	3	4-11	6
11.	«Рубин»	5	1	2	2	2-4	5
12.	«Динамо-2» Мх	5	1	1	3	4-6	4
13.	«Заря»	5	0	3	2	3-8	3
14.	«Победа»	5	0	2	3	2-7	2
15.	«Астрахань»	5	0	2	3	1-7	2
16.	**«Чайка-М»**	**5**	**0**	**1**	**4**	**1-8**	**1**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаииэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIыжхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №835
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(1, 4-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Мэлбахъуэ Анжелэ**, **Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ**.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.